# Nouriti pou Konfyans



By Richard A Bennett

Cross Currents International Ministries

www.ccim-media.com

# Nouriti pou Konfyans

***Food for Faith***
**(Creole)**

**Radio Trans Mundial**
Apartado 21576
Santo Domingo
Republica Dominicana
Email: rtmdr@codetel.net.co

Copyright: Cross Currents International Ministries
Library of Congress Catalog Card Number: 98-67798
"*Your Quest for God*" by Richard A. Bennett
Spanish (*Tu Busqueda de Dios*)
French *(A la Recherche de Dieu*)

**www.ccim-media.com**
**Cross Currents International Ministries**

Pou Prezante

Se yon privilèj pou nou pale sou nouvo liv Dr. Richard A.Benett la, ki gen pou tit, *Nouriti pou Konfyans.* Se yon swit byen merite pou lòt liv li te deja ekri a *W'ap Chache Bondye.* Lòm pa kapab vin jwenn Bondye san konfyans (Ebre 11 :6). konsa tou li pa kapab viv pou Bondye san konfyans (Women1 :17). pou sa posib Konfyans ou dwe koumanse **nouri** (Women 10 :17). Epi li dwe kontinye (1Pyè 2 :1-3 ; Ebre 5 :12-14) Jezi Senyè a te moutre kisa sa vle di lè-l te fè deklarasyon sa a, *Lòm pa kapab viv ak pen sèlman, men ak tout pawòl ki soti nan bouch Bondye* (Matye 4 : 4). Jeremi te deja bay prensip sa-a tou lè-l te ekri, *Pawòl ou yo se tout plezi-m. Yo fè kè-m kontan, paské yo mete-m apa pou ou, Senyè, Bondye ki gen tout pouvwa a (Jeremi15 :16).* Pou plis benefis, nouriti espirityel la nou **dwe apresye l, byen sèvi avè l**, **epi byen dijere l**. Dr. Benett moutre nou kijan pou bagay nou site la yo kapab pran plas nan tan n'ap pase 'ansanm' ak Bondye. Chapit 8 la, ap ede nou gen plis konprann sou sa. Nan yon monn jounen jòdia, kote sèvo Kretyen an lave pou'l panse li kapab viv pou Bondye san li pa gen yon konfyans ki repoze nan Kris (Galasi 2 : 20) yon liv tankou Nouriti pou Konfyans se yon mesaj ki sòti nan Bondye pou nou. Se pou Bondye beni ministè liv sa a nan tout pakou li.

Dr.Stephen F. Olford Memphis, Tennessee

**Entwodiksyon**

**N**ouriti pou konfyans se vrèman yon swit liv *W'ap Chache Bondye* Yon liv mwen te ekri lè mwen menm ak madanm mwen t'ap pral fete 25 kyèm anivèsè maryaj nou. Nan lè sa a, nou te vle ekri, enprime epi plibliye remèsiman nou bay Bondye nan presantasyon mesaj levanjil la.

Premye enprimri liv *W'ap chache Bondye* nou te fè 25.000 kopi. Depi lè sa a, Bondye te kontan ofrann renmen nou an epi li te beni nou anpil. Jounen jòdia, nou deja distribye 3 milyon kopi nan plis pase 50 lang nan lemonn epi moun toujou kontinye ap mande liv la anpil. Nan mitan gwo lajwa nou te genyen lè n'ap konte kantite moun ki vin konvèti, anpil kote nan lemonn apre yo te fin li liv sa.a

Pita lè nou t'apral fete 30 tan anivèsè maryaj nou! Padan ane sa yo, anpil pòt te louvri pou levanjil la epitou pou distribisyon liv, *W'ap Chache Bondye* nan yon fason nou pa t'ap janm panse l pandan 10 ane pase yo. Kòm konsekans pa gen pi bon fason nou ta kapab fè santi gratitid nou pou Papa nou ki nan syèl la nan enprime epi pibliye liv sa a *Nouriti Pou Konfyans*. Menm Jan Bondye te beni *W'ap Chache Bondye* se pou li itilize dezyèm liv sa a pou ede anpil moun jwenn yon nouvo vi nan Kris la. Se pou tou 2 liv sa yo kapab nan tout peyi nan lemonn. Kan menm, *Nouriti pou konfyans* pa sèlman yon swit pou *w'ap chache Bondye.* Mwen menm ak Dorothy nou kwè liv sa-a, kapab ede chak Kretyen ki vle vin gen yon pi bon relasyon ak Senyè a. Liv sa-a te ekri tou gras ak anpil konkou lapriyè sensè, pou ede chak moun ki va li-l jwenn èd pou yo ak pou lavi y'ap mennen nan Kris la.

***Nouriti pou Koufyans*, pa vrèman yon liv pou li yon lè konsa. Ni sa pa vle di tou pou li-l epi depoze l nan yon kwen. Apre ou fin li l ak anpil swen, li ta dwe rete nan men ou kòm yon referans Pandan n'ap kontinye aplike prinsinp ki nan liv sa a nan lavi nou, n'ap aprann kijan pou nou develope yon pi bon relasyon ak Bondye.**

Anpil fwa nou toujou konsidere li bon pou tanzantan nou fè yon tès 'medikal.'Pou nou fè sa nou depanse lajan nou ak tan nou .Yon bon diagnostik pou yon pwoblèm fizik, ak pou jwenn yon bon trètman, depan sou kesyon Doktè a poze ou. Se menm jan tou li bon pou kretyen yo tanzantan fè yon tès espirityel.Tout sa, sa moutre nou se lage nou nèt pandan w'ap chache yon tan pou mete ou apa ak Bondye sèlman!

Nan fen chak chapit gen kèk kèsyon yo mande ki kapab ede ou ki baze sou lavi espirityel ou. Kèk nan kesyon sa yo ka pa fè ou santi ou byen. Men tanpri sonje le w'ap fè yon egzamen nan kò ou kote ki fè ou plis mal la se la pwoblèm nan ye. Pandan m'ap ekri liv sa a mwen sonje yon ensidan yon zanmi mwen, te esplike m.Dr.J.Edwin Orr. Li te di gen yon predikatè byen koni ki te resevwa envitasyon pou jwenn ak li epi kèk lòt lidè kretyen yo te chwazi nan yon asanble nasyonal enpotan ki te gen pou bi pou yo fè priyè entèsesyon. Predikatè sa a yo pa nonmen li an, Edwin t'ap pale sou li a, ki te nejlije envitasyon an li esplike li te twò okipe pou vini nan reinyon yo t'ap fè a. An menm tan, li te esplike nan yon lèt li te tande yon bon mesaj sou lapriyè li ta renmen vini nenpòt lòt lè y'ap reyni ansanm pou preche mesaj sa-a! Kè mwen gen anpil bon avètisman kijan li fasil pou nou ekri oubyen preche sou lapriyè olye nou vrèman priye. Mwen pa ekri tankou yon espesyalis men tankou yon moun ki grangou k`ap di lòt moun kote pou yo jwenn manje.

Madanm mwen Dorothy pat sèlman yon moun ki te ankouraje-m lè m t'ap ekri liv *Nouriti pou Konfyans,* men li te toujou bò kote m tankou yon chèf pou ankouraje tan m ak Bondye. Mwen sonje byen klè mwen t'ap li yonn nan priyè C.T. Studd yo, anvan m, te rankontre ak Dorothy. Mwen te priye konsa : Senyè, si ou gen yon madanm pou mwen, se pou-l chofè-m pou m kontinye lè-m tante pou-m kite sa!" Ala yon bon chans mwen genyen pou m te marye ak yon danm konsa. Beniswa letènel!

Sa fè konnyeya plis pase 50 tan depi papa mwen nan Jezi-kri, Dr. Stephen Olford, te kondwi mwen bay Sovè-a. Mwen gen anpil rekonesans pou sa paske nan lè sa a Stephen te pataje ak mwen jan li enpotan pou mwen li Bib la epi Priye.
Anpil panse w'ap jwenn nan liv sa a sòti nan pwòp refleksyon pa m sou pawòl Bondye a. Kèk nan yo sòti nan pawòl Bib la kèk lòt bon sevant ak sevitè Bondye te mete sou chemen mwen. Kantite moun sa yo two anpil pou nou ta nonmen non yo nan yon ti liv konsa, men pou chak nan yo mwen louwe Senyè a. Kounyeya nan piblikasyon *Nouriti pou konfyans,* sa a mwen kapab obeyi ak pawòl Pòl te bay pitit nan konfyans li a Timote: *Sa ou te tande m di ou devan anpil* lòt *temwen, se pou ou remèt yo bay lòt moun serye ou konnen ki ka moutre lot moun yo tou.( 2 Timote2 :2)* Alò liv sa a te ekri pou ede tout kwayan kapab jwi yon bon zanmitay ak Jezi Sovè nou an. Epi pou sila yo ki va li liv sa a ki pat ko janm konnen lajwa ki genyen lè peche ou padone ak gwo asirans pou lavi Etenèl la. Si ou se yon moun konsa, m'ap mande ou louvri Bib ou nan levanjil Jan. Ou va li poukisa Levanjil sa a kapab ede ou (Jan 20 : 31). *Tou sa ki ekri*

*nan liv sa a mwen ekri yo pou nou ka kwè, Jezi se Kris la, pitit Bondye, pou lè nou kwè nou ka gen lavi nan li.*

***_ R. A .B***

**Nouriti Pou Konfyans**

*Ala dous Pawòl ou yo dous anba lang mwen ! yo pi dous pase siwo nan bouch mwen . Se poutèt sa mwen renmen komandman ou yo pi dous pase lò, menm pase lò ki pibon a . Sòm 119 :103 ak107*

**Limyè chak Jou**

Pa two lontan yon danm kretyen te bese byen ba epi li te mande tanpri: "priye pou mwen kapab gen yon pi bon relasyon ak Senyè a ".Wi genyen diferant degre zanmitay nan relasyon ant 2 moun. Sa se yon gwo verite pou kretyen yo nan relasyon yo genyen ansanm ak Jezikri Senyè a.

Menm nan relasyon, lòm ak lòm yon vrè moman emosyonèl kapab mete yo ansanm, se lè li akonpanye volonte nou- lè n'ap pataje tout sistèm ki gen valè—rejwi nan sa nou genyen ansanm—nan yon kominikasyon onèt lè n'ap pataje panse nou.

Pa egzanp, mwen menm ak Madanm mwen Dorothy nou sot resevwa yon lèt, 2 Afriken te voye pou nou ki te fè nou kontan anpil. Men sa lèt la te di: "Yè nou te sòti Lopital la; pou ale lakay nou ak ti pitit Dorothy, tankou non-an di li, li te deside pou li toujou alè. Ti Dorothy te rive anbyen epi li te peze 3 kg., anviwon 6½ liv." Se yon jwa pou yo ak tout fanmi yo.

Li fasil pou idantifye lajwa ki genyen nan fanmi an sitou lè y'ap pote timoun yo genyen ki fènk fèt la. Epi jwa ap kontinye tout tan timoun nan ap grandi. Nou vin pi kontan toujou lè timoun nan ap koumanse voye pye l ak lè l'ap ri .Ti zotey li yo, jenou li koube, lè li fent koumanse ap fè de, apre pi gwo moman pou nou se lè tande l'ap di Papa osinon Manman. Li sèten yon nouvo timoun ak tout jan li grandi se yon bagay ki depase tout sa lòm ka rive konprann. Se yon pi gwo mevèy toujou lè yon moun vin fèt yon dezyèm fwa—yon moun ki fè yon premye pa espirityèl jouk li rive fèm espirityèl.

Yon lòt bo, lavi-a pa toujou swiv menm chemen jwa a lè nou te fenk fèt la jouk tan nou rive vin jèn moun. Byen tris, tou nan menm semenn nou te resevwa lèt nesans nouvo ti pitit Dorothy a. Nou te tande tou nouvèl lanmò pitit fi yon zanmi nou ki rete nan Cincinnati, Ohio te mouri. Yon bagay kite di anpil, depi lè tifi sa a te fèt li pat janm develope, fizikman, mantalman, ni tou nan sosyete a. Paran li yo ki te renmen li anpil te bali non Carol Joy ki te vle di (chan kè mwen). Lè Carol te mouri li te toujou yon timoun menm lè li te genyen 21 lane. Kapasite pou jèn fi sa a te pale ak paran-l yo pat rive fèt. Nan pèspektiv lòm, se kòmsi jèn fi sa a t'ap viv pou anyen .

Menm jan Carol pat janm gen granmoun plis pase yon timoun, Konsa, tou, nou wè jounen jòdia gen anpil moun ki nan Legliz ki pa janm devlope espirityèlman ki toujou rete nan eta yon timoun. Sa vle di menm lè yo te vinn kretyen pou anpil lane yo pa janm vrèman grandi nan Senyè a. Kounyeya nou wè Bondye fè provizyon espirityèl la pou nou, men fòk chak moun ki fèt yon dezyèm fwa nan Bondye byen dijere nouriti sa a, epi byen sèvi avè l pou l ka grandi espirityèlman. Bib la se pawòl Bondye a k'ap nouri vi espirityèl ou pou ou pa rete yon kretyen ki paralize. Si ou vle grandi espirityèlman tankou lè ou te yon timoun, pou rive yon jèn moun espirityel ki rete fèm epi pou fini yon gramoun espirityel ki vin gen fòs, enben fòk chak jou ou jwenn nouriti pawòl Bondye a ki nan Bib la. Lè ou li Bib la, ou fòse Bondye vin pi senp; sa vle di ou vin

pran repo nan manje Bondye te prepare pou chak kretyen ki grangou kapab vin pran ladan l.

Wi, pawòl Bondye a se yon sous k'ap fè ou grandi nan konfyans lè ou konprann jan pou dijere l kòm yon nouriti nan pwòp vi espirityel ou. nou wè pa mwayen pwofèt Ezayi, ak anpil gras Bondye t'ap envite tout moun ki swaf epi grangou pou vin manje ansanm avè l sou tab fèt la.

( Ezayi 55 :1-3 ) *Vini non, nou tout ki swaf dlo. Men dlo! Vini non, nou tout ki pa gen lajan, nou mèt vini. Achte manje pou nou manje. Nou pa bezwen lajan! Achte diven ak lèt pou nou bwè nou pa bezwen peye! Poukisa n'ap depanse lajan travay nou pou bagay ki pa ka plin vant nou? Si nou koute byen sa m'ap di nou la a, na manje sa ki bon. N'ap pran plezi nou nan manje bon kalite manje). Louvri zorey nou.Vinn jwen mwen.* ***Koute byen sa m'ap di nou****, na jwenn lavi. M'ap siyen yon kontra ak nou pou tout tan. Ma ban nou benediksyon mwen te pwomèt David yo*.

Paske anpil moun sanble yo pa konprann ki jan pou yo jwenn manje pou nanm yo pandan y'ap li pawòl Bondye dirèkteman. Yo jwenn li pi fasil pou yo li yon liv ki pale sou Bib la olye pou yo li Bib la menm. Liv sa a ki nan men ou la a pat fèt nan entansyon pou esplike Bib la, men pito pou ankouraje ou li Bib la nan fason l'ap pral esplike l. Kòm rezilta ou pra l jwi yon lavi pwòp epi wa rive konnen papa ou ki nan syèl la.
Mwen te souvan mande moun ki fenk koumanse li Bib la kòm nouriti pou konfyans yo.

**Li sa ou konprann epi byento w'ap jwenn yon bagay ou pa konprann. Ou mèt kontinye li. Anvan lontan w'ap jwenn yon bagay ou konprann yonn apre lòt sa ou konprann nan ap ede konprann sa ou pat konprann nan.**

Èské sa fè sans pou ou? Nou ta di yon lòt fason pa janm dekouraje.
Pa mwayen tout monn la—Nan sal klas yo, nan sal lèkti yo, epi nan libreri moun yo—chache enfomasyon akademik kòm pwovizyon pou panse yo. Si nou sèlman wè Bib la tankou yon liv, enben tout sa nou pral kapab pran ladann l—**se nouriti pou panse nou**. Bib la menm avèti nou sa. *Se vre nou tout nou gen konnesans jan nou di a, sèlman konnesans fè nou gonfle ak lògèy. Men se renmen ki pou fè nou grandi nan konfyans nan kris la tout bon (1 kor 8 :1).*

Wi, lè nou konprann ki jan pou dechifre byen pawòl Bondye a, menm konesans verite Bib la kapab pouse nou nan yon lògèy entelèktyèl pase pou l ta konstwi lavi nou espirityèlman. Tou senp pito nou chache konesans nan tan nou pase ansanm ak Senyè a, chak jou nou bezwen jwenn ki sòti nan tab fèt li a ki pwovizyone ak bon nouriti pou konfyans nou.
Nan diferans ki genyen nan mitan sa yo ki sèlman li Bib la kòm yon egzèsis akademik se anpil jwa pou kwayan yo ki deja dekouvri sekrè lè y'ap li pawòl Bondye a ki vin yon pratik epi yon sous espirityel vivan ak verite k'ap nouri lavi yo. Krétyen sa yo ap grandi nan eksperyans reyalite lavi y'ap menen avek Bondye, epitou chemen y'ap swiv la pral bay yon adorasyon sensè ak yon sèvis ki pote fwi. Pou moun sa yo Bondye p'ap manke jete benediksyon sou yo.
Se yon gwo avantaj pou chak pitit Bondye ki fèt yon dezyèm fwa pou yo vini kote Bondye ak Bib yo epi kè yo louvri yon fason pou yo tande Bondye.

**Kesyon ou kapab mande se :**

Ki pi bon fason pou etidye Bib la pou l nouri nanm epi fè nou kapab grandi nan renmen ak nan konesans Jezikri Senyè nou an?

Sekrè a se pou nou ta chache jwenn yon tan nou ta rele *tan ansanm* - yon tan pou jwenn ansanm ak Senyè a. *Tan ansanm* se vrèman yon tan kominikasyon ant nou menm ak Senyè vivan nou an. Pa mwayen pawòl li, Bib la Bondye pale ak timoun li yo. Pandan n'ap reponn yon fason korèk pesonèlman ak sa Bondye ap di, n'ap pral aprann priye jan Bib la moutre nou ak plis konfyans.

Lè n'ap pale sou sijè 'priye jan Bondye' moutre nou mwen vle di kounyeya w'ap itilize menm pawòl ekriti w'ap li a lè n'ap reponn Senyè nou an. Priye jan Bondye moutre l, se fwi yon asirans kap grandi nan volonte Bondye. Menm jan Sentespri a mete pawòl Bondye vivan nan nou, nou itilize menm pawòl sa yo pou pale ak Bondye. Lè ou priye konsa l'ap sove ou pou pa tonbe anba priyè ki fabrike pendan n'ap priye jan Bib la moutre nou. Nap pral jwi privilèj n'ap swiv avek Senyè a na rive grandi nan konprann ki pwòp dezi l ak plan l gen pou lavi nou. Vrè priyè a se pa pou volonte Bondye bese devan volonte n, men se pou n koube devan volonte Bondye. Apre mirak Jozye te fè pèp Izrayèl la janbe rivyè jouden an. jozye te rankontre yon nonm li pat konnen, Jozye te konnen kòmandman l te nan Kanaran pou l pran tè sa a epi retire tou vye zèv moun ki pa krétyen yo t'ap komèt sou li. Poutèt sa Jozye te mande etranje a ki te gen yon epe nan menm l, èské ou pou nou oubyen ou se yon lènmi ? Etranje a te reponn non (nan bib nouvo vesyon entenasyonal yo tradui mo sa kòm (ni) Jozye te asepte nan repons etranje a te bay la li pa t'ap pou ni yonn ni lòt aprè etranje a te vin bay eksplikasyon li di; Mwen vini kòm Kòmandan chèf Lame Senyè a. Jozye te vin konnen etranje a t'ap kòmande yo olye pou l ede yo sa lakòz Jozye tonbe sou fas nan raje a lè l te vin konnen l nan prezans kòmandan lame Bondye a paske l te di kote ou kanpe a li Sen dapre (Jozye 5 : 13-15). Konsa tou, nan moman priyè nou yo nou pa ta dwe pote gen yon almanak pesonèl bay Bondye epi pou nou mande l pou l avek nou, men pito nou ta dwe desann byen ba nan prezans li ki Sen pou kapab vin konnen plan l, volonte l ak pouvwa l. Nou wè, priye jan Bib la moutre nou se priyè ki dakò ak plan ki nan volonte Bondye. Lè nou koube volonte nou pou volonte l vin yon eksperyans k'ap grandi nan nou pandan n'ap aprann aplike pawòl Bondye a chak fwa n'ap priye.

lè ou toujou li Bib la ak yon dezi sensè pou tande Bondye, w'ap *grandi nan konesans ak gras Jezikri Senyè nou an (2 Pyè 3 :18 )* Tankou nou te deja wè jan Ezayi te deklare sa lè nou louvri zòrèy nou pou nou tande vwa Bondye lè sa a nou pral rejwi tout bon vre nan sa li gen pou l di nou.

## Yon tès espiriyèl

1.- Depi konbyen tan mwen vin yon krétyen ki fèt yon dezyèm fwa?

2.- Èske mwen pat janm jwi yon relasyon ki pwòch avèk Bondye ke kounyeya?

3. Lè m'ap konpare lavi m jòdia ak senk lane pase yo èske mwen pase plis tan ansanm ak Bondye?

Èske m kapab fè yon diferans pi byen nan jan Bondye ap gide m ak jan m gide pwòp tèt mwen.

***Pwezi***

*Senyè aprann mwen tande*

*Tan yo gen anpil bri, epi zorey mwen yo fatige ansanm ak anpil son*

*Ki toujou ap fèt nan yo. Ban mwen lespri ti Samyel*
*Lè l te di ' ou mèt pale sevitè ou la ap tande ou. Kite m tande*
*W'ap pale nan kè mwen, kite m vin abitye ak son vwa ou, pou m*
*Ka vin konnen ton li yo lè son tè a va mouri byen lwen mwen pou sèlman se son mizik vwa ou k'ap pale.*
*Amen.*

***A.W.TOZER***

# *Tèt la ak kè a*

Anpil lane pase nan nò Kènya, mwen menm ak madanm mwen Dorothy, te gen privilèj pou nou ansenye Pawòl Bondye a nan yon reyinyon nasyonal pou pastè ak madanm yo. Nou dwe rive nan 7 :00 p.m., nan aswè nan lè sèvis aprè midi, kèk nan pastè yo te chita deyò a depi 4 :00 nan maten. Yo te motive ak yon dezi ki cho pou aprann plis sou Bib la, yo te mache sòti byen lyen, abiye tout jounen an anba gwo solèy cho brital sa a ki te devaste peyi yo a ak secherès epi grangou.

Sa te fè nou sezi pou wè ant swasant ak swasandis pou san nan pastè sa yo pat menm gen yon bib. Menm lè anpil nan yo te yon lidè, men yo te sèlman konvèti depi de ak twa lane sèlman, Bondye te itilize pwop chalè temwayaj yo genyen nan mitan pèp yo a pou bay lavi ak anpil lòt legliz nan tout pèp nan Afrik la.

Nan kòmansman konfèrans nou an nou te bay chak pastè sa yo yon bib. Aprè sa nou te pase plizye jou ap fè fòmasyon pou yo. Mwen te gen yon sijè : "kounyeya ou gen yon bib nan men ou, li p'ap yon benediksyon pou ou tout otan bib sa a pa sòti nan men ou pou rantre nan tèt ou! Malgre sa toujou ou p'ap pral jwenn tout benediksyon Bondye gen pou ou pendan jou sa yo. Men se lè Bib la koumanse viv nan kè ou kòm Pawòl Bondye a, konferans la ap yon benedisksyon pou ou. Se yon obligasyon pou ou aprann fè Bib la sòti nan men ou pou l rantre nan tèt ou epi sòti nan tèt pou l rantre nan kè ou."

Pa two lontan mwen te wè kay kote mwen te rete nan Anglète a lè m te bay Jezi lavi mwen nan laj jèn timoun. Pa two lyen kay nou te gen yon poto limyè anba l yon ti gason katòz lane, ki te rele Bob Flint, te asepte Jezi. Konvèsyon Bob la te yon gwo evènman ki te chanje tout lavi li, paske Bob te deja kite lekòl epi li t'ap travay nan konstriksyon, nan lè sa a Bob pat ale lekòl anko!

Touswit apre Bob te konvèti, mwen te konvenk li pou li te li Bib la chak jou anvan li ale travay. Menm lè li pat janm ale legliz anvan, byen vit Bob te aprann pou l nouri vi espirityel li pou kont li chak jou nan Pawòl Bondye nan *tan ansanm*. Mwen t'ap poze tèt mwen kèsyon nan laj disetan, Bob, te pran yon kou Biblik pa koresponsdans, nan liv Danyèl la epi li te pran premye plas! Mwen te kontan lè m tande pita Bob te ale nan militè, li te gen 18 lane, epi li te toujou genyen zèl pou Senyè a. Pendan 8 premye semen li nan kan militè a. Li te priye ak chak lòt diset solda ki nan kazen nan jouk yo rive asepte Jezi nan lavi yo.Answit lè Bob t'apral fini nan sèvis militè a, li te koumanse fè misyon. Pandan li t'ap vwayaje nan denye

misyon l sòti nan peyi Almay, avyon militè a te kraze epi Bob te mouri nan bwa Senyè a.

**T**oupre kote avyon an te kraze a te gen anpil bwochi evanjelik ki te nan valiz Bob ki simaye nan tout zòn nan. Vrèman, pawòl Bondye a te pase nan men Bob pou ale nan tèt li, epi sòti nan tèt li pou rantre nan kè li, pou fini sòti nan kè li pou rantre nan kè lòt yo. Lè Bob te mouri li fè yon chanjman sòti nan kò fizik li pou antre nan kò espirityèl la konsa li gen yon zanmitay pi prè nan prezans Bondye.

**A**npil moun, tankou Bob, gen bon posiblite ak mwayen pou etidye Bib la epi aprantisaj ki kapab ankouraje vi krétyen yo. Pa menm jan tankou pastè Afriken sa yo, anpil pa nan nou bezwen mache kinzèdtan anba yon solèy byen cho pou n'al tande anseyman Pawòl Bondye a. Men malgre jan sikontans nou ye, nou tout dwe konnen ki jan pou nou transfome— wi, **transfome** — konesans Bib la nan esperyans kè a.

**P**esonèlman, mwen remesye Senyè a ki te moutre m nan vi kretyen mwen diferans ki genyen lè ou byen etidye Bib la ak nan pase *tan ansanm* ak Bondye. Alò angajman nou pou de bagay sa yo Tèt la ak Kè a yo enpòtan pou apwoche nou nan Pawòl Bondye, li enpotan tou pou nou konprann konsesans nou gen nan tèt nou, san angajman kè a p'ap fè nou grandi espirityèlman.

## TET LA.-

### Etidye bib la; bi li yo ak pwoblèm li yo

*Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men Bondye tankou yon bon travayè ki pa wont travay li fè,yon travayè ki konnen pawol verite Bondye a jan l ye a. 2 Timote 2 :15*

Pou byen etidye Bib la, epi tou pou vin konprann byen sak ladan n yo. Se yon tan enpotan epi nesesè pou chak kretyen, chak fwa li posib, pran tout avantaj yo, sèvis ak enseyman yon pastè kap swiv Bondye oubyen yon pwofèse Biblik epi kite tout kòmantè Bib la yo ki vrè ede ou abitye ak pawòl Bondye a nan tèt ou. Nenpòt ti enfomasyon pral ede lè ou mete ou yon kote apa pou pase *tan ansanmnan* ak Bondye.

Apre tout, pastè yo ak pwofesè yo fè pati nan kado legliz Bondye a. Pi gwo ministè yon pastè se pou li anseye kwayan yo tout sa ki nan Bib la : liv yo, konteks yo, sikonstans yo, chapit yo yonn apre lòt. Apre travay sa a, se pou pastè a avèti kongregasyon an pou viv yon fason ki fè Bondye plèzi, se yon temwayaj pwofon an favè nanm k'ap pèdi yo.

Mwen gen devan m la senk lèkti sou kasèt yon pastè te bay. Anpil lane, pastè William Still te prezante lèkti sa yo nan Konferans Inte Vasite Teoloji pou Etidyan yo. Apre plis 45 lane li te pase ap fè ministè nan yon sèl Legliz nan Aberdeen, Scotland ministè li a te toujou fèm epi enpotan. Ou pa menm bezwen poze kesyon, ministè li a te rive touche moun nan tout kote nan Scotland. Menm jòdia yon ti lame konveti ak kèk lòt ki te touche nan sa l'tap preche ak anseye,epi sèvi Kris menm jan nan tout lemonn. Nan lèkti pou etidyan Inte Vasite yo pastè Still te di :

Apèl pastè a se pou l nouri mouton an, menm si mouton pa vle nouri. Sèten li pa vin pou dispèse kabrit yo. Kite kabrit yo resevwa kabrit yo epi kite yo fè sa nan tè kabrit la. Sèten ou pa pral konvèti kabrit la an mouton… pi gwo fwi travay pastè se pou ede tout kalite

mouton gen opòtinite viv ansanm, epi moutre yo jan pou yo viv nan monn la pami kabrit yo san yo pa vin sanble ak kabrit.

Lè ou te fenk fèt yon dezyèm fwa, li enpotan pou vin fè pati yon legliz kote ou kapab beni pa mwayen travay yon bon pastè. Malerezman kèk nan nou k`ap li liv sa a kapab pa gen aksè ak yon kalite fomasyon pastoral konsa. Nenpot kijan, menm si ou gen pils opòtinite pou ta jwenn èd yon pastè ki fidèl epi gen tout opòtinite pou kòmante Bib la, ou dwe toujou fè atansyon nan prezans danje ki genyen lè w'ap eseye fè sa ou aprann nan tèt ou ranplase nouriti espirityèl Bondye deside bay ou chak jou nan *tan ansanm* nan.

Non dwe realize ni konesans Bib la nou jwenn nan men yon pastè fidèl, ak sa nou konprann nan pwòp konesans intelektyèl pa nou nan etid pawòl Bondye a, kapab pran plas nouriti espirityèl Sentespri Bondye ap aplike nan kè nou ak nan lavi nou, lè nou fè yonn ak li nan *tan ansanm.*

Menm jan, yon ansèyman Bib la pa kapab ranplase *tan ansanm* pou kont nou, konsa tou, pase tan ansanm nan se pa yon eskiz pou nou neglije okazyon Bondye ba nou pou nou etidye Pawòl li a, epi pou nou manke fè pati ministè yon legliz ki kwè nan Bib la.

Nenpot jan sikonstans ou ye, lide sa yo kapab ede ou devlope yon pi bon metod nan etid Bib la.

Kèk tan pase, Myles Coverdale te bay ide sa a sou fason ki kapab fasilite ou reyisi yon bon **etid** nan Pawòl Bondye. Men yon fraz ape prè sou sa li te ekri :

L'ap ede ou konprann Pawòl la si ou pa note sèlman sa l pale oubyen sa li ekri men tou :

***Sou ki moun pasaj sa ap pale?***
***Ak ki moun pasaj sa a adrese?***
***Ki mo espesyal otè a itilize?***
***Nan ki epok pasaj sa a te ekri?***
***Nan ki kote pasaj sa a te ekri?***
***Pouki rezon pasaj sa a te ekri?***
***Nan ki sitiyasyon pasaj sa a te ekri?***

Ki sans pasaj sa a genyen daprè kote li plase a devan sak vin avan l ak sak vin aprè l yo?

**L**è nou fome abitid pou reponn natirèlman kèsyon sa yo pou yon bon etid nan Bib la ( itilize bon jan referans Bib la chak fwa l posib), ou pral sezi tanzantan devan gwo mevèy ak verite ki nan tout Bib la. Yonn apre lòt ou pral gen pasyon pou jwenn tout pwofèsi ki nan revelasyon Bondye.Ou pral sezi reyalize pwofèsi ke Bondye bay gen kèk ladan ki deja akonpli gen lòt ki poko akonpli. Ou pral beni anpil tou pandan zye ou vin louvri sou mevèy Bondye, rezon li nan kreyasyon, plas li nan istwa, doktrin sove a li, vini nan monn sa a tankou yon moun Jezikri Senyè nou, enstriksyon li te bay pou krétyen yo, tankou mwen menm ak ou. Jouk rive jòdia nan lè sa a Yon konesans Bib konsa se vrè pasyon pou chak moun ki kwè dwe swiv li avek anpil zèl.

## KÈ A.-

***Tan ansanm nan: koreksyon l yo ak konsèy li yo***

Sa Bondye vle pou chak moun ki pou li yo se pou nou adore li nan *léspri ak nan verite a*. (Jan 4 :24). Avek 2 bagay sa yo **kè** nou ak **tèt nou**, tou 2 vin fè yon sèl nan yon moun k`ap mache ak Bondye.

Si etid Bib la se sèlman yon konesans objektif ebyen kalite konsesans sa a pa gen twop pwofi! Poutan se yon pwoblèm pou anpil kretyen jounen jòdia ki gen konsesans Bib la nan tèt yo men yo aplike l vrèman nan lavi yo.

Pi tris toujou, gen ladan yo ki gen bon konprann nan Pawòl Bondye a, men ki p'ap viv nan limye gwo konesans sa a, yo pito mete konesans Bib la yo yon kote nan kite panse ak foli mennen yo pou yo adopte chemen monn la. Ala yon trajedi pou Pawòl Bondye a, ki pa janm mache ak panse kounyeya nan modèn vi sa a. Pou mete pi prè Pawòl Bondye ak yon lespri ki chita sou monn la, epi apre pou eseye mete ansanm Pawòl Bondye ak filòzofi oubyen sikoloji ki anba kilti lòm se vyole tout prensip intelèktyel ki onèt ak tout entegrite moral. Jezikri Senyè a te peye yon gwo pri pou delivre nou anba monn mechan sa a n'ap viv jòdia, se vre wi, Pawòl Bondye a p'ap janm dakò ak lide jenerasyon modèn ki abandone Kris la.

Paske pawòl Bondye pa janm mele ak kilti lèzòm, lè nou etidye Bib la ak pi gwo dezi pou n vin sa Bondye vle pou nou ye a, Bib la pra l vrèman yon esperyans revolisyonè k`ap transfome lavi nou! Sa mande angajman kè a non sèlman konesans tèt la, se sa Bondye vle pou chak pitit li yo.

Salmis la pat di : *m'ap sere pawòl ou nan* ***tèt*** *mwen li te di m'ap sere pawòl ou nan* ***kè*** *mwen, pou mwen pa peche kont ou* (Sòm 119 :11). Menm Adolf Hitler lè touye moun devan zye tout moun li te repete kèk vèsè nan Bib la, men konnen kèk vèsè nan Bib la pat itil li anyen nan chwa moral li yo ni pou destinasyon etènèl li, pou byen di konesans Hitler a pat rantre nan kè l.

Men ou kapab mande, kisa David te vle di lè l te di m'ap sere pawòl Bondye a nan kè mwen?
Mwen sèten, li pa t'ap pale sou ògan miskilè sèvo a k'ap ponpe san nan venn li yo pou rive nan atè yo. Li sèten, okenn moun pa kapab kache pawòl Bondye a nan sèvo yo! Lè David te itilize mo **kè** a, li t'ap refere l nan tout kò l jan l'ap dirije lavi l antye. Pandan n'ap li Bib la pou nou sere pawòl Bondye a nan tout kò nou, epi nan pouvwa Kris la, nou pral apresye toujou chanjman nan nouriti pawòl Bondye a.

Lè se te tou pa m kòm yon elèv pou m te etidye Bib la ak teoloji. Mwen te aprann ranmase verite ki nan Bib la pa ka ranplase *tan ansanm* nan ak Bondye pou tande sa li gen pou di mwen pa mwayen pawòl Li. Mwen te dekouvri tou li te pi fasil pou m fè pwop jijman pa m sou pawòl Bondye olye pou m kite pawòl Bondye a jije mwen.

**N**an moman mwen te nan inivèsite a nou te konn ri lè nou panse ak move definisyon nou yo nan sal lekti a. Nou te konn di :" yon lekti vle di tout bagay ki soti nan kaye pwofesè a, ki vin nan kaye etidyan an san li pa pase nan tèt yonn nan yo!" Pi grav pase sa toujou, se sitiyasyon kote anseyman Bib la pase nan tèt pastè a pou ale nan asanble a san li pa menm aji nan kè yonn nan yo. W'ap sonje Bondye di byen klè nan

*( Ebre 4 :2 ) Paske yo fè nou konnen bon nouvèl la menm jan ak lòt yo. Yo menm tou yo te tande mesaj la. Men sa pat sèvi yo anyen, paske lè yo te tande l la yo pat resevwa l ak konfyans nan Bondye.*

Se sèlman lè nou rive kapab konprann pawòl pwofèt Jeremi an pawòl Bondye a ap pote benediksyon nan lavi nou: Jeremi te di; *Pawòl ou yo se tankou yon dife nan zo m k`ap boule tout andanm* (Jeremi 20: 9). Nan lavi anpil kretyen jòdia yon kalite konviksyon cho konsa sou pawòl Bondye a vrèman pa la. Pa vrèman gen chènn ki fèt ant tèt la ak kè a—ant vwa Bondye ak lavi kwayan kòm rezilta two souvan yon manke relasyon nan sa nou konnen ak sa nou fè.

Lè ansèyman Bib la aji vrèman nan kè ou seten l'ap chanje lavi ou. Lè sa rive, w'ap vin jwenn ou pa depan sou lot sipò. Paske ou pra l dekouvri entansyon Bondye se pou pwomès li te fè yo rive afekte ou menm menm nan pawòl li a, answit ak pouvwa Sentespri a ki nan ou, w'ap kapab obeyi lòd Jezikri Senyè a.

Souvan apre mwen fin preche, kèk manm nan kongregasyon vin chache ankouraj m pandan y'ap di.“ Ou vrèman te ban m mwen yon bagay pou m'al panse” Lè mwen tande sa a, mwen konnen mesaj mwen an pat vrèman akonpli bi mwen te swete a! Genyen yon diferans ant bat bravo pou pawòl Bondye a lè yon entelèktyel ap pale, ak lè yo bat bravo paske yo pra l aplike l pou chanje lavi yo . Yon mesaj ta dwe bay moun yon bagay pou yo **aji sou li** men pa sèlman yon bagay pou y'al panse sou li.

Menm jan an tou, si *tan ansanm* nan pa kondwi ou nan yon konfyans aktif, nan obeyisans, fè ou anvi konfese peche ou, epi mennen ou nan yon atitid adorasyon, konnen *tan ansanm* sa a pat pote fwi; yon lòt bò, nenpòt pitit Bondye ki gen tèt li plen ak konesans pawòl Bondye a epi kè li k'ap sekwe ak bon jan mouvman Sentespri a, l'ap vrèman kontan pou rejwi ak Sovè a. Menm jounen jodia, lè mwen visite inivèsite a tankou yon moun ki vin bibliyotèk mwen di etidyan yo.

**Ou pa la pou etidye Bib la pou konnen Bib la! Ou la pou etidye Bib la pou ou ka konnen Bondye Bib la!**

Lè kwayan an pa gen fòs espirityèl li pa gen yon bon temwayaj se yon bann pawòl fèb ke l'ap di. Nenpot bagay ou kite pran plas esperyans individyel ou pou retire Bondye l'ap diminye ou epi detwi kapasite relasyon zanmitay ou ak Bondye. Vre zanmitay la ak Senyè a k'ap rive fèt lè kretyen an fè fas avek klète limyè ki nan prezans Bondye Sen an. Kalite limyè sa ap devwale epi chache yon kòminikasyon pwòp epi fran ak papa ou ki nan syèl la. Si, lè w'ap li Pawòl li a, kè ou reponn ak obeyisans verite a, menm verite sa ap tounen yon nouriti pou nanm ou epi w'ap grandi nan konesans ak bon konprann Senyè ou la. Salmis la te di: *se nan limye ou la nou wè limye* ( Som 36:9) ansyen wòch la toujou rete menm jan.

Limye ki obeyi ap pote plis limye
Limye ki pa obeyi ap pote plis fènwa

Mwen sèten menm jan mwen wè, sa ou te wè sa tou, li pi fasil pou ou bay yon moun konsey tan pou ou mache nan pwop konsey pa ou. Men, Jezi Senyè a ke Ezayi t'ap pale kòm pi gwo konseye a, nan (Ezayi 9:6) se li menm sèl ki bay konsey, e se li menm tou k`ap fè nou mache daprè konsey la. Tan ansanm chak maten an jwe yon wòl enpòtan k`ap prepare ou pou sa k'ap tann ou pita nan jounen an. Lè w'ap li pawòl Li, Bondye ba ou konsey, pou asire ou Jezi Senyè ap toujou yon plas repo k`ap gide ou pou nenpòt sa k`ap vini an.

## YON TèS ESPIRITYEL

1.- Èske kè mwen vrèman reponn menm jan ak tèt mwen lè m'ap li Bib la?

2.- Lè m'ap priye èské vrèman genyen yon kòminikasyon ant mwen ak Bondye?

3.- Nan vi espirityel mwen èské m chache konsey premyeman nan men lòm oubyen (nan pawòl Bondye)? Yo pat tann konsey li (Sòm 106:3)…

4.- nan sèvis krétyen m, èské konsey mwen bay lòt yo sòti nan kè m ak chalè renmen Bondye a, epi nan panse mwen plen ak pawòl li? *Yo te rebèl kont li nan konsey yo* (Sòm 106 :43)

*Peche tankou sa yo*

*Peche m pa kapab konte mwen konfese nan bout chemen peche*
*Plezi nan monn lal nan tan adorasyon santiman egoyis*
*Nan travay senye a ogeye le tout pou Bondye*
*Le ougoute bonte Bondye poutet bagay nan monn mete apa*
*Retire zye sou bagay anwo a vi espirityel mwen malad*
*Peche tankou sa yo twonpe ke m*
*Ou menm ki moun ki konnen sa ou fe ki grav kouman domi fou*
*Pou lere chak jou kip a janm ranje pou fini le m tounen nan zafe Bondye maladi ko yo te genyen an pap manke soulaje menm si sante m touche benefis gade penn mwen senye gade doule m*
*Ou gen mizerikod pou peche m papa padonnen pa mwayen pitit ou*
*Peche yo fe lespri m tris*
*Willian Macladie Bunting 1804-1865 R.A.B*

***Prepare ou nan lapriyè***

Lè-m te fenk konvèti, mwen te gen yon ti konesans nan Bib la, men m te vin dekouvri lè m t'ap tounen paj li yo mwen realize m t'ap li pawòl Bondye. Jouk jounen jòdia, mwen toujou kontan wè Senyè Jezi ap kontinye pale nan kè mwen lè m'ap li pawòl la.
Menm kòm yon nouvo kretyen mwen te aprann lè m louvri Bib la, dezi Sentespri a se pou l fè pawòl la viv nan kè mwen. Mwen te koumanse souvan (*Tan ansanm*) nan ak yon ti priyè mwen te aprann tonkou yon ti kè:

Sentespri Bondye, pwofèsè mwen
Revelè bagay Kris yo nan mwen
Mete nan men mwen Kle mevey la
K`ap delivre m epi rann mwen lib

Anvan'l te kite disip li yo pou l'al Jwenn papa a nan syel la, Senyè Jezi a te pwomèt: Lè Lespri Verite a, va vini, Li va kondwi nou nan tout verite (Jan 16 :13) pou byen di gen yon sèl pwofesè.
Se Sentespri
**Si Sentepri a pa gen libete pou travay nan nou, pawòl Bondye n'ap li a p'ap sevi nou anyen.**

John Wesley (Bondye te itilize ak anpil pouvwa nan 18 yèm syèk pou kwazad Britanik la anpil istoryen sèvi ak li kòm revolisyon Anglète a te konnen tou valè yon (*tan ansanm*) li te aprann yon leson nou tout ta kapab byen imite.Wesley te bay tèt li abitid pou l'al kouche byen bonè nan aswè pou l kapab leve pi bonè posib nan maten. Pa two lontan m te mete ajenou e m t'ap priye nan menm plas priyè kote Wesley te konn kontre ak Senyè a chak 4:00 nan maten. Nan menm chanm nan mwen t'ap mache, pandan m'ap li sa li te ekri nan jounal li a: mwen chita pou kont mwen …Bondye

sèlman ki la. Nan prezans Bondye mwen louvri. Mwen li liv li a, sa mwen li se sa mwen anseye. Se nan lòd pou ankouraje nouvo kretyen, apòt Jan te asire yo Sentespri a sifi pou touche kè yo pa mwayen Pawol Bondye a, menm lè yo pa ta gen lòt moun pou ede yo konprann ekriti a li te ekri yo (1 Jan 2 : 27) *Pou nou menm, Kris la te voye Sentespri a sou nou.Toutotan Sentespri a nan kè nou, nou pa bezwen peson moutre nou anyen, paske Sentespri a ap moutre nou tout bagay. Sa l'ap mountre nou an se verite, se pa manti. Se poutet sa, ann fè sa Sentespri a ap moutre nou, ann toujou fè yonn ak Kris la.* Lè ou mete konfyans ou sou limye Sentespri a pandan w'ap li liv Bondye a, l'ap fè verite li yo vivan nan kè ou si ou vrèman deside satisfè nan pase tan ansanm nan chache yon plas ki pa gen bri epi mete yon tan apa pou ou louvri Bib la pou pale ak Bondye.Yon kalite *tan ansanm* ak Bondye konsa pra l tresayi kè ou souvan ak yon jwa ou pat espere, pra l gen jou tou fanmi ou, oubyen biznis ou, ou lòt enterè ou pra l anpeche ou epi fè l difisil pou al pase yon tan apa ak Bondye. Kalite jou sa yo pra l bezwen yon vrè disiplin si w'ap grandi nan renmen ak konesans Jezikri Seyè a. Sonje lè ou neglije Bib la se kòmsi ou pat janm gen yonn.

Menm jan pèp Izrayelit yo te dwe fè preparasyon lamann divin chak jou Bondye te bay yo pou nouri kò yo nan wout pou tè pwomès la, se konsa tou nou bezwen mete nou prèt pou pran Pawòl Bondye a.
Premyeman, sa ta kapab ede ou kounyeya mete ou sou jenou lè ou louvri Bib la pou ou rete sèl ak Bondye.

Dezyèma : lè w'ap vin nan prezans li ki se limye li toujou nesesè pou ou di l tout sa ki nan kè ou nan prezans li ki Sen. Ou pa kapab kache anyen devan li, poukisa pou ta eseye? Yon fwa ou prepare pou rankontre ak Bondye Bib la pra l vin rete nan ou ak chalè reyalite a, epi w'ap dekouvri kijan pawòl Bondye ap soti nan tèt ou pou rantre nan kè ou.

## DESANN OU SOU JENOU OU

*Yon kominyon vivan pa kapab melanje ak yon lespri ògeye*

Nan Bib la, nou li sou anpil bon sevitè ak sevant Bondye lè y'ap pale ak Bondye yo toujou pran pozisyon mete jenou yo atè. Byen ke kretyen litijik yo nan pratik Islam nan gen abitid mete ajenou atè nan priyè piblik yo. Menm lè yon pozizyon konsa pa di vrèman y'ap viv ak Bondye. Kan menm lè n'ap vini devan Letènèl Bondye Kreyatè nou an, atitid panse nou ak kè nou kapab ede n si nou mete ajenou devan l. Nan jaden Jetsemani, lè Senyè Jezikri t'ap pwoche pi pre tan pou yo te krisifye l, li te wè disip li yo t'ap dòmi byen vit. Apre li kite yo nan yon distans Jezi te mete ajenou, epi li te priye (Lik 22 :41) Jezi te pou kont li ak papa l, la li te mete ajenou pou priye.
Se yon bon konprann lè nou separe nou ak zanmi nou yo epi fanmi nou pou n kapab rete sèl ak Bondye, n'ap jwenn sa ede nou pou pote plent nou yo ba li, epi bese anba volonte li pandan n'ap priye.

Lè Apot Pòl te tou pre pou mete fen nan travay li, li te fè yon bon fason pou l di orevwa nan legliz li te etabli nan Efèz la., nou li kijan, li te mete ajenou pou l te priye avek yo (Travay apot 20 :36) Yon lòt fwa bò lanmè a Pòl t'ap di orevwa ak disip yo, madanm disip yo ak timoun yo. Pawol la di yo te mete yo ajenou bò rivaj la epi yo te priye (Travay apot 21 :5) Jòdia anpil moun kapab panse kote fanm yo ak timoun mete ajenou pou priye nan plas piblik yo ta kapab enteprete mal nan moman nou pè yo akize n kòm fanatik nou menm tou souvan n chwazi fason nou santi nou pi byen nan reyinyon priyè an prive yo.

Pou byen di, disip yo, ansanm ak fanm yo epi timoun yo pat gen kalite pwoblèm sa nan jou Pòl yo, nou pa dwe genyen l ni lè n'ap priye nan piblik ni lè n'ap priye pou kont nou. Sonje sa, nenpot jan swa nou kanpe, chita oubyen mache lè n'ap priye, bagay ki pi enpotan nan kominyon nou ak Bondye se atitid panse nou…wi, lè n'ap priye Bib la di nou pou nou adopte yon bon atitid mantal: *Bondye reziste ak moun ki gen lògey, men li fè gras ak moun ki gen imilite, bese ou devan Bondye reziste ak Satan epi l'ap kouri lwen ou vini pi pre Bondye, epi l'ap vini pi pre ou tou (Jak 4 :6-8)*

Akoz divès pwoblèm fizik, li kapab pa posib pou kèk moun yo mete yo ajenou pou priye pou yon bon bout tan. Avek jwa Bondye wè andedan kè chak moun byen. Sèten atitid kè nou pi enpotan pou Bondye pase pozisyon nou pran. Men pou moun ki kapab, mete ajenou se yon bon chemen k`ap fè nou konprann reyalite lè n'ap lapriyè. Se yon gwo privilèj nou genyen pou nou pale ak Kreyatè nou an tankou yon zanmi k`ap pale ak yon zanmi. Pou chak nan nou lòd ki pi enpotan nan Bib la se pou nou koube nou devan Senyè a pandan n'ap obeyi Bondye, Li kontinye ak yon pi gwo pwomès nan (Jak 4:10) *l'ap leve nou pi wo.*

## DEZABIYE KÈ OU

***Bon zanmitay la toujou koumanse nan Chèz Mizèrikod Bondye, nan nouvo Kontra a tèm sa a, se kwa Jezi te mouri sou li a.***

Wi, menm anvan Jezi Senyè a te mouri sou kwa a, nan gran mizerikod ak lanmou li, Bondye te asepte kite pwop sèl pitit inosan li a mouri pou peye dèt peche pou tout moun ta kapab vin tounen zanmi l ak li anko. Alò, depi lontan anvan yo te krisifye Sovè nou an, Bondye te deklare li t'ap reyini ak timoun li yo sou chèz mizerikod la; jan nou li sa nan (Egzòd 25 :22) *Se la ma toujou kontre avek ou. Ma rete anwo kouvèti a, nan mitan de zanj cheribin yo, ma ba ou tout lòd mwen gen pou m ba ou yo pou moun Izrayel yo.*

Jòdia sakrifis pou peche nou yo se yon pati nan istwa a; San presye Jezikri Sovè a ki te koule poutèt nou an, nan lanmò Jezi, yon nouvo chemen te trase pou nou kapab zanmi ak li. Gras ak kalite gwo renmen sa a nou kapab rele ak anpil jwa. (Ebre 4 :16*) Se poutèt sa, ann pwoche avek konfyans devan fotey kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la nan jwenn padon pou peche nou yo, se la na jwenn pou gremesi sekou na bezwen lè nou nan nesesite.*

**Mizèrikod vle di Bondye pa ban nou sa nou merite a; gras la vle di Bondye ban nou sa n merite a. Ala yon bèl bagay lè n'ap mache ak Bondye nan mizerikod ak gras li.**

***Yon bon zanmitay pa kapab melanje ak yon konsyans ki sal.***

Yon ti gason ki fèt nan yon fanmi ap toujou rete pitit gason paran l yo, li pa kapab 'defèt'! Men si timoun nan mechan, pra l gen kèk lè li pra l pèdi bon jan kòminikasyon ak paran l yo. Relasyon an ap rete, men yo kapab pa zanmi! Sa se yon gwo tèt chaje.

Se yon mèvey pou nou konnen n'ap benyen nan konesans depi lè n te fèt yon dezyèm fwa, yon relasyon k'ap la pou tout tan depi lè te etabli ak papa nou ki nan syel la. Si vrèman nou te resevwa Jezikri Senyè nan kè nou, nou vin tounen pitit Bondye, nan yon relasyon

k`ap rete pou tout tan. Se poutèt sa, lè nou peche, nou koupe zanmitay nou ak papa a.

Akòz dezobeyisans nou, nou p'ap santi menm benediksyon ak kè li, nan lavi nou tankou nou te konn jwi li anvan. Bon zanmitay klè sa a ki vin kraze a, swa pou yon ti tan oubyen pou yon bon bout tan, nou sèten sa pa soti nan Bondye ni tou se pa paske Bondye manke pran ka nou. Dezakò a toujou soti nan pwop move konsyans nou; se nou ki sèl koz ki toujou koupe relasyon nou ak Bondye.

**YON KONSYANS KI PA PWOP :** John Bunyan te di yon fwa : "peche ap retire m nan Bib la men Bib la ap retire m nan peche". Lè yon moun atriste Sentespri Bondye ak konsyans pou l anbrase peche nan li, l'ap pèdi tout apeti pou pawòl Bondye a, yon konsyans ki pwòp li enpòtan anpil pou krétyen an kapab genyen yon konfyans ki fò lè l'ap fouye pawòl Bondye a. Bib la di (Ebre11 :6*) Nou konnen peson pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bo kote Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k`ap rekonpanse tout moun k`ap chache li.*

Men si nou kenbe tèt nan iyorans peche nou yo. Lè n'ap li Bib la n'ap pèdi konfyans paske konsyans nou p'ap abitye ak vwa Sentespri a.

**Yon Konsyans Ki Pwop**: Pou retounen fè zanmi ak Bondye apre nou te fin peche, li enpòtan pou nou pwòpte tout peche nou genyen nan konsyans nou, pou l delivre n anba fado peche sa yo. Kretyen ki tonbe a dwe koube kè li epi konfese peche li a devan Bondye.

*Apot Jan te ekri: Si nou konfese peche nou yo, li fidel e jis pou l padonnen peche nou yo epi netwaye n anba tout sa ki pa bon (1 Jan1:9).*

Yon kote nan Bib mwen an mwen te grave yon priyè F.W. Krummacher te priye deja. Lè m vin reyalize nan konsyans mwen pwòp peche m ak fòt, mwen mete non chak peche sa yo devan Chèz Mizèrikod Bondye. Apre sa m repete priyè Krummacher a kòm baz pou m konfese devan Senyè a:

O Senyè, Bondye mwen, mwen te peche kont ou, Mwen atriste akoz peche m. Mwen jije m, epi m kondane m; men mwen kwè mizerikod ou gran**.** Netwaye konsyans mwen ak San ti mouton an, epi ede m, nan konfyans, pran kontwol peche sa a nan soufrans ou te soufri pou mwen yo.

Nou pa fè peche nou yo pa pakèt, pou kisa n'ap eseye konfese peche nou yon sèl kou? Nan mande Bondye pou l padonen 'tout peche nou yo' nan yon kou sa plis sanble n'ap chache jwenn yon chemen ki pi fasil pou lògey kè nou, olye nou fè yon repantans k`ap mennen nou tounen nan volonte Bondye. Kalite konfesyon sa yo ede tikras pou delivre konsyans la anba tout fado nou yo. Lè Sentespri a mete nan lespri ou yon bagay ki se yon peche, nou dwe nomen zak dezobeyisans sa, ak menm mo Bib la itilize pou dekri kalite peche sa a—Se pa yon fo manti blan, men se yon manti; se pa yon lespri k`ap

pwomenen men yon lespri adiltè; se pa yon mo sal, men yon kè ki ranpli ak rayisman kriminèl.

Paske kesyon ti peche gwo peche a , se pwoblèm pa nou, pa ta dwe janmen genyen yon doub pale sikolojik oubyen yon eskiz lòm lè l vini nan limye prezans Bondye. Lè ou koube pou ou rekonèt, epi nomen peche yo devan Li, Bondye nan gwo mizèrikod li, ap reponn konfesyon sa a, se kalite mevèy Bondye.

Apre David te fin konfese pwòp move peche li yo li te kontan atire sou li tout bon mizèrikod Bondye yo. Bib la fè konnen nan Sòm 51 lè David te tounen vin jwenn Bondye, jan l te dezole epi jan li te aji kè l pat sèlman yon konfesyon sensè, men li te pi sensè nan repantans li a. Si ou konfese ou rekonèt ou te pran pwòp chemen pa ou olye ou te pran chemen Bondye men kounyeya ou deside tounen vin nan prezans Sen Bondye imilye ou, epi fè yon konfesyon serye pran konsyans tout peche yo epi di non yo devan Bondye, ou menm tou, kapab jwi tout miltitid mizèrikod li yo. Se sèlman lè konsyans ou pwòp w’ap kapab rezime anko zanmitay ou ak Bondye ki Sen an.

Lè ou fin pwòpte konsyans ak tout mizerikòd lanmou Bondye w’ap jwenn asirans nan priyè ou yo.

*Konsa, frè m yo, gremesi San Kris la ki koule lè li mouri pou nou an, nou gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a. Kris la louvri yon chemen nèf pou nou, yon chemen k`ap ban nou lavi, yon chemen ki pase nan mitan vwa la, sa vle di : Nan ko l menm. Nou gen yon granprèt ki reskonsab tout kay Bondye a. Ann pwoche bò kote Bondye ak tout kè nou, ak yon konfyans byen chita, san nou pa gen anyen nan kè nou ki pou boulevèse konsyans nou, kò nou menm byen netwaye nan yon dlo byen pwòp (Ebre 10 : 19-22).*

Wi, vrè asirans devan Bondye soti nan yon konsyans ki pwòp. Yon kè ki pwòp ap bay yon kalite konfyans k`ap pèmèt nou jwi zanmitay nou ak Bondye.

Lè ou konnen kè ou pwòp, pa gen peche ki pou nwi konsyans ou anko. Gen asirans, Satan pral akize ou, men pou meprize tout atak li yo. Repons ou dwe toujou menm repons Bondye bay ak konsyans ou nan presye pouvwa San Jezi Sovè nou an. Nan liv revelasyon, Sen yo, Satan te akize ak peche Bondye te deja padonen, te konprann gwo pouvwa San Jezi. Se sou yo pawòl sa a te ekri:

Yo te pote viktwa sou li, [Satan— akizatè a] **avek San ti mouton an**. (Rev 12 :11) Yo pat sèlman jwi benediksyon yon konsyans ki te pwòp, men yo te aprann sekrè yon konsyans ki pa fou. Alélouya!

***Yon zanmitay vivan pa kapab mele ak yon lespri ki pa dispoze.-***

Souvan gen yon rezon ki fè moun pa gen dezi pou nouriti nan lèt pawòl Bondye a. Èske ou pa janm genyen yon lafyèv epi ou pèdi tout apeti ou? Nenpot gou manje a ta gou, ou pa envi manje l. Konsa tout menm jan yon manje k`ap bon pou ou, ou pa entèrese manje l, lè ou malad, Bib la tou p’ap entèrese ou si yon lespri ki pa dispoze bloke apeti espirityel ou.

Jan Pye ankouraje nou pou nou anvi nouri *ak lèt pawòl Bondye a* (1Pye 2 :2) li avèti nou an premye sou atitid sa yo ki pra l detwi anvi nou pou nouriti Bondye a. Li fè konnen gen yon sèl fason ki kapab kanpe bagay sa yo k`ap jennen nou nouri *tan ansanm* nou an. Chak sa ki anpeche nou pou apeti espirityel la dwe mete l nan yon kwèn. Yon lespri ki pa genyen yon bon sante byen dispoze dwe chanje si

ou vle vin gen yon apeti epi yon bon sante— sa a se yon lòt fason pou n di 'repanti'!

*Se poutet sa, derasinen tout mechanste ki te nan lavi nou. Sispann bay manti, sispann fè ipokrizi, sispann fè jalouzi ak tripotaj. Tankou timoun ki fènk fèt, se pou nou kriye deye bon lèt san dekoupe ki soti nan Bondye pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin n delivre nèt (1Pye 2 : 1-2).*
***Mechanste.-*** Kenbe moun nan kè oubyen kolè sou fason lòt moun te trète nou—genyen yon lespri ki pa padonnen**.**

Corrie Ten Boom.- te sipòte andire anpil soufrans nan sant Ravensbruck Nazi nan kan konsantrasyon. Pi grav toujou, li te temwen jan yo t'ap touye Sè li renmen anpil la nan yon fason yo pat sipoze touye yon moun nan kan an. Pandan li t'ap pale sou gad mechan sa yo ki te fè kalite krim sa a. Corrie Ten Boom te temwaye pita jan l te vrèman padonnen mesye sa yo li di;

**"Padonen se yon ak moun nan fè ak tout kè l, volonte l kapab chwazi aji san konsiderasyon tanperati kè a".**

Si w'ap nouri nan lespri ou pou pa padonen yon moun—nenpot kijan moun sa a te fè ou soufri anba men l—mank padon ou lan p'ap fè l anyen, men sa para l anbarase vi espirityel ou! poutèt sa ou pra l santi ou mare ak moun sa a jouktan ou rive padonen l. Se sèlman lè ou fin padone l w'ap kapab fè priyè Senyè a te montre nou an. *Padonen peche nou yo menm jan nou padonnen moun sa yo ki fè nou mal* (Lik 11 :4). Si ou santi nan lespri yon 'mechanste' (ki pa padonen) nan kè ou, chwazi pou ou padonen moun sa a, pandan w'ap pase tan ou ansanm ak Bondye. Apre sa w'ap kapab moutre renmen Bondye devan yo san ipokrizi.

***Riz* :** Nou kouvri mankman nou yo olye nou konfese peche nou yo— nou pito twonpe olye nou pwop.

***Ipokrizi*** : Manifèste yon prezantasyon mal sou nou menm nan dezi lògey pou bay yon enpresyon ki pa vrè—pase pou moun, oubyen bagay nou pa ye- yon dezi apwouve—swa pou yon paste, yon paran, yon zanmi oubyen nan travay—sa soti nan rasin tout ipokrizi.

***Anvi*** : Se reyaji sou benediksyon lòt moun ak move zye olye pou nou vrèman rejwi— anvi sa yon moun genyen.

***Pale mal****:* Se itilize lang nou pou n blese yon lòt moun oubyen nou mete zorey nou pou n koute tout bagay mal ki ta rive lòt la – chache kouvri pwòp fot nou pou n ka lonje dwèt sou peche lòt moun.

Bagay sa yo nou bezwen mete yo nan yon kwen si nou vle vrèman nouri nan pawòl Bondye. Menm jan, yon ti moun ki fenk fèt pa bezwen kriye pou l jwen lèt lè tan pou l tete a rive, se konsa tou, lè ou gen okazyon pou ou louvri Bib la, w'ap *anvi pawòl k`ap fè ou grandi (1Pye 2 :2).*

**Yon kominyon vivan pa kakap mele ak yon vi ki santre sou egoyis**

Pa two lontan mwen te jwenn yon lèt yon danm misyonè ki te viv nan peyi Japon pandan anpil lane. Li te rive fè ministè ak anpil

moun lot moun  pat ka rive jwenn—tankou moun nan gouvènman, nan sektè diplomatik ak divès gwo palto nan sosyete a. Danm nan te ekri :

Sak rive ak anseyman Biblik ki di bliye tèt ou epi pran kwa ou chak jou a? Pandan ke m'ap mete nan lòd liv ki gen relasyon ak lavi kretyen an, gen yon bagay ki vini nan panse m. Anpil nan tit liv mwen te abitye wè pandan yo ven lane pase yo, yo redwi, 'ou kapab fè yo pou ou menm menm'. Men mwen sonje liv premye lane lè m te kretyen li pale sou bliye tèt ou pran kwa ou chak jou, viv yon vi ki sen, rete nan Kris epi pèmèt li viv lavi mwen.
Èske anseyman sa yo disparèt yonn apre lòt oubyen èske se yon imajinasyon?

Petèt se sa yon lidè chinwa nan Hong Kong te vle di lè l te ekri :
Nan Lwès, ak nan tout libète entegral monn la, mwen idantifye legliz plis toujou ak pouvwa viktwa rezireksyon Jezi a. Yo bezwen kalite relasyon sa. Y'ap chache siksè, pwosperite, sak bon pou yo nan Jezi ki te resisite a. Se kèk nan yo sèlman ki fè pati nan soufrans Kris la. Poutan, mwen wè li kontrè nan Legliz Azi, espesyalman nan kote sitiyasyon yo difisil epi pa two bon. Kwayan sa yo plis vle mache nan soufrans Kris la. Pou yo menm, konnen soufrans li yo se pi gwo rekonpans ak privilèj pou yo. *Konnen  li nan lanmò*

Apot Pòl menm te priye konsa:

*Se yon sèl bagay mwen bezwen: se konnen pou m konnen Kris la, pou m santi l nan mwen pouvwa ki te fè l leve soti vivan nan lanmò a,  pou m soufri ansanm ave l nan soufrans li yo,  pou m rive mouri tankou li tou. (Filip 3 :10)*

Amòs ede nou konprann ki jan pou aplike bon anbisyon sa a nan zanmitay nou ak Jezi Sovè a, menm jan Pòl te poze kesyon sou sa a èske *:  de moun kapab vwayaje ansanm nan menm chemen si yo pa antann yo yonn ak lòt? (Amòs 3 :3).* Si nou deside mache nan pwisans rezireksyon an, enben nou ta dwe tou vrèman dakò pou n pataje soufrans li yo nan renmen. Yon antant ki pa fèt nèt pa vrèman yon bon antant!

Yon lòt kote Pòl te moutre lapenn li ak renmen l lè l te ekri pwòp moun ki te konvèti yo ki te kòmanse meprize otorite apostolik li a.

*Pou mwen menm, m'ap kontan depanse tout sa*
*m genyen, se tout plezi m pou m bay ata tèt mwen pou nanm nou ka pwofite* (2 Kor 12 :15). Yon lòt kote li te analize vrè renmen an epi l te deklare : *moun ki gen renmen nan kè l ...li p'ap chache avantaj pa l* (1Kor 13 :4-5).

Se yon bon renmen konsa, gen pasyans ak pa fè egoyis kite kalite Jezikri Sovè an.
Lè Jezi Senyè a  te vini nan monn ki pa gen renmen sa a, li te byen moutre renmen Bondye a sou fòm yon moun. Nan zèv li yo, nan pawòl li yo, nan tout panse ki t'ap sòti ann dan l, jan l te fè tout bagay anba volonte papa l. tout sa se yon tablo ki moutre figi yon moun ki renmen sèvi lòt. Nan yon lòt mo, fason depi lè l te timoun jouk li te mouri sou kwa a. Jezi Senyè pat janm chache pwòp avantaj pa l.

Pandan, 33 lane li te pase sou tè a, Jezi Senyè a te toujou kontinye ap sevi lòt moun, li te bay lavi l jan nou li sa (1Jan 3 :16)
Menm lè li t'ap pra l soufri sou kwa a, nou li nan (Jan 13 :1)

*Jezi te konnen lè a te rive pou l te kite tè sa a, pou l al jwenn papa li pat manke renmen moun pa l yo ki te nan lemonn. Li te renmen yo nèt ale.*

Wi, renmen li a te la pou tout tan. kounyeya si vrèman n'ap 'mache' ak Sovè nou an, kèsyon nou dwe ap poze kè nou se:

**Èske m'ap itilize avantaj nan lavi Bondye te ban mwen an pou pwòp benefis mwen ak avansman m; oubyen èske m prèt pou m bay lavi m pou m ede lòt moun menmsi kèk fwa mwen ka jwenn pwoblèm?**

Wi, imaj renmen Bondye a li kontrè ak jenerasyon 'anvan' ki deklare ak anpil odas renmen tout pou ou se yon reglèman epi yonn ap di pa m nan pi bon pase pa lòt yo. Se Kalite glwa pou pwòp tèt nou sa a pawòl Bondye revele kòm yonn nan siy denyè jou yo: *lòm pra l renmen tèt pa yo sèlman... y'ap renmen plèzi plis pase Bondye (2Timote 3 :2-4)*

Se pa yon sipriz, lè Alexander Maclaren te insiste di chemen ki bèl e ki pi wo espirityelman li tache avek mak san amou pwòp tèt nou.

Peche ki fèt nan zèv oubyen nan panse soti sou sa nou plase konsyans nou ak sou sa nou santre lavi nou.Oswald Chamber defini prejije egoyis sa a kòm "zafè pa m se pa m" li deklare tou se yon "danje li ye menm lè sa ta mache ak moral oubyen nan imoralite."Li fasil pou fè egoyis mechanste vòl ak eksplwatasyon, men nou bezwen konnen peche ki santre nan lavi lòm parèt nan tout fason.

Se pa yon sipriz, nan mitan chak pwoblèm domestik e sosyal, emenm nan tout difikilte legliz yo, kè a reklame zafè pa m se pa m—tan m, lajan m, fason m, dezi m, volonte m. Sepadan, nenpòt bagay ki pa fè parèt renmen Bondye a, ki p'ap chache interè pa l,soti nan lòm.

**PÈSPEKTIF SYEL MWEN**

Sèl jan nou kapab vrèman konnen kote nou santre vi nou se lè nou wè nou menm jan Bondye wè nou. J. B. Phillips nan lèt li te ekri pou *Jenn Legliz yo te* transmèt priyè Pòl te bay moun nan legliz Kolòs yo konsa:

*Mwen mande Bondye pou l fè nou rive fin konnen Volonte l* ***net ale****, pou l ban nou anpil lespri ak anpil konprann ki soti nan Sentespri. ( Kolòs 1: 9 )* Se sèlman lè nou swiv egzanp Pòl yo epi lè nou priye Bondye pou l louvri zye espirityel nou n'ap koumanse wè klè sikonstans ki nan lavi, se pa sou sa zye nou wè ki egziste men se sou jan Bondye nan syel la wè sa. Se sèlman nan fason sa a n'ap kapab gade reyalite lavi nou pa mwayen premye minis espirityel la ki se Sentespri a.

Yon nwit madanm Silence yon bon zanmi mwen menm ak Dorothy, depi lontan te sipote avek pasyans fas ak yon kriz ki te rive nan fanmi-l pandan li t'ap kontinye obeyi dapre pespektiv syel la. .Yon apèl telefon te reveye l ak 2 zè nan maten. yon polis mande l,èske ou konnen ki moun ki t'ap kondwi machin ou aswè a? li te reponn polis la wi se pitit gason m yo k`ap kondwi soti nan yon konferans Biblik ki t'ap fèt pou jenn yo. Polis la te reponn li, mwen gen yon nouvel tris pou ou—chofè a t'ap dòmi machin nan al kraze nan yon pye bwa toupre wout la. Chofè a mouri epi pa gen anpil chans pou lòt jenn gason an viv! Move nouvèl tris sa a te dezole manman an ki te toujou renmen pitit li yo ak tout kè li.

Aprè l te depoze telefon nan, madanm Silence te kriye bay Papa a ki nan Syel la, "O Bondye, kisa yon manman ka fè nan yon moman konsa?" Depi anvan, li te aprann priye epi reflechi nan jan Bib la vle l. Li esplike-m pita tout sak te vin nan panse se vèsè nou jwenn nan ( 1 *Tesalonik 5 : 18* ) ki mande nou pou n *di Bondye mèsi nan tout*

*bagay*. Madanm Silence te kontinye pou l di, “men Senyè” Ou konnen kè m pa kontan. Li fremi, choke, epi l vid, men menm nan nwit tèrib sa a m’ap obeyi Pawòl ou. Pandan m’ap fè sa, tanpri fè yon mirak nan kè m. Lè m obeyi ou epi di ou mèsi, ou pral oblije fè l paske nan tan difisil sa a, mwen pa santi m kontan ditou. Se konsa madanm Silence te aji konfyans li e li te koumanse priye.

Li esplike-m premye bagay li te louvri bouch li pou l di se te “mèsi, Papa pou sa Ou ye,”kè l te toudi ak tristès epi l te vid, men kòm li t’ap repete ak fidèlite remèsiman l yo, Sentespri a te fè yon gwo mirak! Li te konsole kè l ak yon vrè konfò.Wi, pandan tout moman difisil sa yo, konsolatè Bondye a, Sintespri a, te reponn obeyisans konfyans madanm Silence. Li te asire l anko sou renmen Bondye ki pa janm chanje pou li ak pou fanmi l tou. San dout lè l fin jou li te toujou gen dlo nan je l, men an menm tan tou li t’ap fè eksperyans nan konfò Bondye ak lapè ki nan Kè l.

Sa se yon gwo temwayaj sou gras Bondye pandan l’ap konsole yon manman ki nan chagren nan renmen li ki la pou tout tan an. Se ak yon gwo konfyans madanm Silence te di nou nan nwit tristès sa a, kijan konfò Bondye, ki depase tout sa lòm kapab konprann te anvayi Nanm li. Menm jan madanm Silence te moutre sa nan mach li ak Bondye, lè pwoblèm yo vini gen yon gwo diferans sou jan lèzòm wè l ak jan syel la wè l.

Pandan w’ap jwi yon bon amitye ak Bondye ou pral vin realize rekonesans ak konfyans yo toujou mache ansanm. Lè ou rekonèt yon vre konfyans plen kè ou, Bondye ap fè ou wè jan pou chanje sikonstans lavi ou—menm si bagay deyò yo parèt bon ou move—devan zye Li. Byen sèten Bondye ap mete fòs nan dezolasyon Kè ou. Pawòl la di nan ( Women 8: 28 ) *Nan **tout bagay** Bondye ap travay pou byen tout moun li te fè lide rele.* Vèsè sa a ban nou anpil fòs pou pa rete efreye. Bondye te ban nou gwo pwomès sa a pou eklate mirak nan kè nou. Louwe lè ou santi ou kapab! Konsa tou louwe Bondye lè ou santi ou pa kapab! Kontinye louwe l jouk tan ou vin kapab! Pa ta dwe janm genyen yon sikonstans nan vi ou oubyen nan vi pa m ki pou anpeche nou louwe Senyè a chak fwa nou gen opotinite fè sa.

Pa two lontan, mwen menm ak madanm mwen Dorothy nou te jwenn yon lèt ki soti nan men kèk misyonè ki kontinye ap tavay nan ministè yo pou Kris la nan mitan anpil sikonstans difisil nan peyi Mwayen Noryan yo. Nan lèt la Stan te ekri : “Mwen kapab epi m dwe louwe Senyè a pou sa li ye—se pa pou konfò mwen sèlman” . Pou nou mete sou sa Corrie Ten Boom sou kèsyon pou nou padonen an, nou kapab di tou pou nou louwe Senyè a, se yon aksyon ki baze sou volonte nou, volonte nou kapab chwazi pou nou louwe Senyè a san nou pa gade sou tansyon Kè a! Pandan nou chwazi pou nou louwe l, l’ap mete nan nou chalè lapè li a pou n ka rete atache nan asirans renmen li ki p’ap janm chanje—nan nenpòt sikonstans nou kapab ye.

Sonje Pawòl pat di nou **pou** nou di Li mèsi pou tout bagay; men se pou nou di Li mèsi **nan** tout bagay.

**Yon vrè gras k`ap koule soti nan rekonesans nou gen pou syel la, se yonn nan bagay nou konfye k`ap separe doulè nan penn nou**.

Sonje, sa se yon verite menm lè se nan yon legliz ou byen yon lopital !Lè tanpèt nan lavi yo vin pirèd, jouk tan tè a tranble l’ap pi fasil pou kè a moutre yon atitid ‘la penn’poutan yon kè ki plase nan Kris ap toujou louwe Senyè a.

Anpil nan nou tonbe epi nou rete kole depi nan premye soufrans la; nou rete chita sou bi Bondye yo epi n'ap mande favè.Konsa li rele konpasyon kretyen sèlman pwosè a avanse. Sepandan, nan gran amou l, Bondye p'ap janm fè sa. Li vini akoz men pitit li a ki te pèse a, epi li di— "Rantre vin fete ak mwen; leve epi briye" Si pa mwayen yon kè brize Bondye kapab fè plan li rive nan monn sa a, ki donk se pou di l mèsi paske li brize kè ou (Oswald Chambers, di nan yon tifraz (*pi gwo efò mwen se pou m kapab rive piwo pou li)*

Nan not rezon renmen Bondye a pi gran pase "*tout bagay*" nan lavi nou. Pwochen vèsè sa fè nou sonje plan yo *"se pou nou te k`ap sanble ak pitit la a (Rom 8 :29)".*

Wi, si nou konprann pwovisyon ak liberasyon Bondye dispoze pou nou, enben li vrèman enpotan pou nou aprann renmèt lavi nou bay syel la.

Repons Bondye bay pou sila a ki kwè nan pwop tèt li se pa yon devlopman ni yon ediksayon, **men lanmo!**Lè n'ap batay pou nou pa viv jan nou vle pandan tan nou sou tè a. Konfyans nou pra l rejwi nan verite Bondye a ki la pou tout tan an daprè (Kolòsyen 3 :3) *nou mouri deja lavi nou kache ansanm ak Kris la nan Bondye*. Paske nou deja ***kache ansanm ak Kris la nan Bondye***—pa mwayen lanmò li ak rezireksyon l dapre (Rom 6 :2-4)—deja nan ekzistans nou sou tè a nou te lage n nan men li. Kounyeya nou kapab wè lavi nan yon lòt jan nan rezireksyon l sou Kwa a.

Nan Kris mwen mouri, nan Kris m'ap leve,
Nan kris m'ap triyonfè sou enmi m yo,
Nan syel la ak Kris mwen pran plas mwen,
Epi nan syel m'ap rejwi sou lanfè.

Ansyen kreyasyon an mouri, vrè kretyen an vin fè pati nouvo kreyasyon Bondye a. Se tout sa sove a ye.

Pandan nou konprann krisifiksyon n ansanm ak Kris la, vi nou sou tè a pral transfome nou p'ap viv pou pwòp sa nou ye, men pito pou sa nou ye nan eksperyans Kris la. Men pou nou toujou jwi yon zanmitay sensè ak Kris la nou dwe konnen kijan pou n ranje lavi nou— pwoblèm nou sou tè!

## PWOBLÈM MWEN SOU TE A.-

**Kounyeya kesyon nou ta dwe chache mande kè a : "Èske lavi m sou tè a vrèman konsantre nan Kris oubyen èske l konsantre toujou nan mwen"?**

Li sèten, yon vi ki konsantre sou pwòp li menm ap pi fasil vin enmi ak nenpot moun, ankolè nan nenpot sikonstans ki menase sekirite l, s'al posede, fòs li, ak plezi l. G. Cambell Morgan mete sa konsa: "Kwè nan pwop tèt ou se gazolin pou peche; se la rayisman soti, se nan bagay sa a menm lanfè soti" (*Oze : Kè a epi Sentete Bondye)*

Yon aswè yon nan reyinyon priyè, mwen te tande yon danm ap priye ak yon senserite li pat abitye. Li te kontre Bondye nan yon nouvo fason ki te transfome lavi l, epi l te priye konsa : "Senyè Jezi, lonje men renmen ou yo sou mwen, vlope m ak Kwa a epi renmen mwen jiska lanmò. Mwen pa vle viv pou mwen anko mwen vle se Kris ki pou ap viv nan mwen!" Priyè danm nan te enpresyonen m anpil.

Danm sa a te deja konnen l te delivre— anba chemen lanmò ak rezireksyon—pou l'al viv ak Kris nan syel la. Li te konsyan tou, li

toujou ap viv nan kò li nan monn sa a! Kidonk pandan l t'ap priye li t'ap chache solisyon Bondye pou tout zèv egoyis ak pawòl nan kò l, sou tè a. Nan yon kalite priye konsa li fè santi yon dezi cho pou yon zanmitay pi sensè ak Senyè li a. Pita pandan m t'ap reflechi sou priyè a, mwen vin reyalize apot Pòl te bay yon baz biblik sou yon kè konsa k`ap chache Bondye nan : (*wom 8 :13) – si n'ap viv daprè egzijans kò a na mouri men, si okontrè, pa pouvwa Lespri Bondye n'ap swiv la na fè egzijans kò a mouri, n'ap viv*.

Kèk nan moun k`ap li yo, kapab jwenn pwochen ide sa a ede yo pandan y'ap meditasyon sou vèsè a, kèk lòt menm kapab jwenn ilistrasyon fraz anba a plis ede yo, epi ki pi pratika. Moun ki konnen langaj grèk la ban nou yon pi bon eklèsisman sou kalite verite ki nan vèsè sa a.

*Si n'ap viv daprè egzijans kò a, na mouri men si okontrè, pa pouvwa Léspri Bondye n'ap swiv la, na fè egzijans kò a mouri, n'ap viv. (Women 8 :13)*

Premyeman : orijin nan Grèk la mo **ou** se sijè nan fraz **fè mouri** epi li ekri nan tan prezan .

Jan Bib la enteprete l: Si m dwe delivre anba zèv lachè (kote m santre vi m) Enben, mwen dwe positivman epi aktivman kopere ansanm ak Bondye.

Dezyemman : Vèsè sa a eksplike nou tou se **pa mwayen Sentespri** (Egzekitè Bondye divin nan) Li fè tout kalite bon pwovizyon pou nou kapab pote viktwa sou zèv egoyis nou yo sou tè a.

Jan Bib la enteprete l : Alò, mwen dwe kontinye aktivman pou sa, paske pou kont mwen m p'ap kapab fè mouri tout zèv egoyis lachè yo! Tout otan mwen nan monn sa a, **se sèl Sentespri a ki kapab sove m anba tout vye bagay nan lavi m yo.**

Twazyeman : li enteresan tout pou nou wè vèb la ekri nan tan prezans. Nan yon tèm pratik lè vèb la ekri nan tan prezan, sa vle di priye m yo ak koperasyon ansanm ak Bondye dwe kontinye egzèse.

Jan bib enteprete l : sa kapab yon eksperyans k`ap transfome kretyen an premye fwa li mande Sentespri a pou l renmen vi l jiska lanmò, se pa yon bagay ki dwe fèt yon sèl fwa. Non, nenpot lè vi egoyis la parèt tèt li, dwe gen bon kote pa nou yon priyè byen exprè pou kopere ak travay liberasyon Sentespri a. Pandan, n'ap kontinye relye ansanm nan ministè Sentespri a zèv egoyis nou yo pral rive mouri nèt.

Plan Bondye, pou nou, se pou konfyans nou gen nan li a kontinye, nan tout bagay n'ap fè.

Pa egzanp, annou imajine nou nan yon tribinal. Devan nou, gen yon nonm yo akize pou kri m touye moun.Yo pote plent, koupab nom nan, epi kounyeya se jij la ki gen denyè reskonsablite pou l pwononse santans la. Tout moun fè bouch nan sal la pandan jij la leve pou l di :" nou jwenn nonm sa a koupab pou krim li fè a kòm santans nonm sa a kondanen a mò"

Sou pawòl sa a reskonsablite jij la fini. Kounyeya, si, jij la menm apre li fin pwononse santans nonm kriminèl la, foure men l anba ban an li pran revolvè li, li tire nonm kriminèl, la nan ka sa a se jij la ki vin yon kriminèl!

Apre santans lanmò a fin pwononse, tout sa jij gen pou l fè se bay nonm kondanen a pou yo touye l.

Se menm jan tou, nou pa kapab fè anyen pou pwòp vi nou men se pou nou rekonèt sa epi konfese tout egoyis ki ladan l yo menm jan ak Jij nan tribinal la nou dwe pwononse jijman lanmò sou tout zèv egoyis nou yo. Menm jan jij la pat kapab touye kriminèl la, se konsa tou, ak fòs pa nou nou pa gen ase pouvwa pou n fè mouri zèv yo nan pwop vi nou. Men, se pou nou di Bondye mèsi, ki mete pou nou yon Egzekitè Divin—Sentespri— se Sentespri a ki gen pouvwa pou l ranje zèv egoyis ki nan lavi nou yo.

Wi, gras ak Bondye, 'pa mwayen Lespri a' n'ap kapab rive fè mouri 'zèv lachè yo'. Pandan n'ap kontinye dispoze nou pou n libere, n'ap rive fè eksperyans yon jwa lib ak yon vi ki ansanm nan Kris la.

Paske yon kalite anseyman nan Bib la konsa, ak tout bèl leson priyè sa yo, tankou m te tande nan bouch danm ki t'ap priye nan reyinyon priyè a, Mwen menm tou, anpil fwa mwen fè menm priye sa a :

**Senyè, ak Sentespri a, kondwi m sou kwa a epi renmen pwòp vi m jiskaske m mouri. Mwen pa vle se mwen k`ap viv men: Se Kris k`ap viv nan mwen!**

Li fasil pou nou panse pi gwo plan pou n nouri epi manje nan pawòl Bondye a se pou nou rive pran grad yon vi apa ak kontantman. Pa telman sa! Poukisa prèt nan ansyen Kontra a te manje epi nouri nan pi bon mouton l?

Eske se pou l jwenn sa ki pi yo pou l mete l an pratik?

Okontrè, William Still te fè konnen, se te menm mouton, yo te bezwen pou touye yo!Yo te mete apa depi yo te fènk fèt pou sakrifis la!

Anpil fwa, kretyen yo panse akòz yo abil nan mizik oubyen fè bon diskou sa kapab yon jan fè Kris kontan pandan y'ap chache genyen yon meday lò devan yon gwo fou l espektatè evangelik! Lè Bondye nouri nou ak pwovizyon, lanmou ki nan Pawòl li a, plan li se pa pou nou kapab fè aparans platfom nou an pi bèl men, se pou tout ti kwen nan lavi nou kapab kouche devan otèl sakrifis la. Anvan nou kapab antre nan tout sa li ye, nou dwe fè mouri dabò tout sa non ye—tankou pwop sò nou yo, sak fè nou plezi yo, sou sa nou konsantre vin n yo... lis la kontinye•. Se ak yon kè plèn ak chagren Apòt Pòl te di, apa Timote, li pat kapab jwenn pèson lòt moun ki te kapab pran 'swen' legliz ki nan Kolòs la. Paske anpil kretyen nan vil sa a pat konnen nan eksperyans pa yo renmen, '*pa janm chache pwop entere* l,' nou li kijan Pol te di li tris: *Yo tout t'ap chache pwòp enterè yo, bagay ki pa menm soti nan Jezi Kris (Filipyen 2 :21).*

Èske nou se Kretyen jòdia a ki vrèman gen sousi pou legliz k`ap soufri nan anpil kote nan monn la?

Eske nou two preokipe ak sa k`ap afèkte vi nou ki fè nou pa gen tan pou renmen moun sa yo ki pa gen pèson moun ki sousye de yo menm? Nou dwe sonje se nan renmen Bondye sèlman ki p'ap chache pwop entere l epi ki gen pasyans. Menm jan, ak yon gode ki plèn ak vinèg dwe netwaye anvan ou ka mete bagay ki dous ladann l, tankou yon bon ji zoranj byen dous, konsa tou nou dwe rive fè mouri tout sa ki nan lavi nou anvan nou kapab resevwa renmen Bondye. Louwe Bondye paske tout bagay sa yo fè pati travay ministè Sentespri a ap fè nan lavi nou.

Ala yon gwo bezwen, pou chak nan nou kontinye mande Sentespri a pou l fè mouri nèt tout zèv egoyis ki nan lavi nou, epi tounen, ranpli nou ak renmen Bondye k'ap debode a: *Espwa sa a p'ap janm twonpe nou, paske Bondye te fè nou wè jan l renmen nou lè li ban nou Sentespri li*: (Women 5:5).

Pandan verite sa yo kumanse travay nan kè ou nan *tan ansanm* ou yo, Sentespri aap moutre ou lòt verite ki nan Pawòl Bondye a.

Jan sa te byen di se pou chak 'kwayan rete tou pre Bondye' Ann nou toujou asire n pa gen anyen nan vi sa a ki ka bare renmen nou gen nan Bondye ansanm ak zanmitay nou ak Li.

## YON TES ESPIRITYEL

1. Nan prezans Senyè a, èske m konsyan de yon peche ki pa padonen mwen pat repanti?

2. Èske m gen pwoblèm ak : yon lespri ki pa padonen.
Renmen moun mwen pa renmen?
Twonpe moun ak pwoje bèl potre ?
Anvi sa lòt moun genyen, don ou sal posede?
Pale sou moun epi kritike l?

3.- Èské m kapab egzese konfyans paske konsyans mwen te vin pwòp?

4.- Èske vi m sou tè a vrèman santre nan Kris oubyen èske m toujou ap dirije pwòp vi m?

*Kounyeya ,ou kapab vle tounen, pou priye priyè William Macladie Bunting nan anko paj ( ) rapidman panse sou li epi ou mèt priye l anko ou menm.*

*Lè nap mache ak Seyè a*
*Nan limye pawòl li*
*Ki gran jwa li klere sou wout nou*
*Lè n'ap fè volonte l*
*Li rete kote nou toujou*
*Ak tout moun ki obeyi kwè.*

*Lonbraj ki va paret ,tout nyaj ka nan syel la souri Jezi va fe l disparet. Pa yon kri ni yon souri ka rete le nou obeyi kwe men nou pa kakap konnen tout mevey amou li paske byenfe li yo ak lajwa li ban ou se pou m kap obeyi kwe.*

*Konsa nan prezans li nan chita nan pye li nou va mache nan wout a ave lsa li di nou va fe nou pral kote liu vle san pe anyen nan obeyi kwe*

*John H.Sammis*

*TAN ANSANM.-*

Lè w'ap panse sou sa, vin gen yon santiman egoyis ki pran plas olye pou n ta kwè nou pa gen ase fòs pou n fè fas ak tout defi ki nan jounen an, san premyeman nou pa mete nan nou JeziKri Senyè ki kapab satisfè nou ak Bib nou louvri epi kè nou.

David te idantifye jèm yon gren n k'ap devlope espirityelman yon vi k'ap pwodwi nan . (SÒM 1 :3) Li te di moun k`ap medite Pawòl Bondye a se moun sa yo k`ap bay fwi nan chak sezon… *e y'ap reysi nan tout sa y'ap fè* (SÒM 1 :3kJ).

**Ki kalite moun Bondye pwomèt k`ap pwospere? se sila a ki pran tout plezi l nan lalwa Senyè a, k`ap repase l nan tèt li la jounen kon lannwit! (SÒM 1 :2Kj**).

Pafwa m konn di ak moun ki fenk resevwa Jezi Senyè nan kè yo ak nan lavi yo."Yon chapit chak jou ap fè satan rete lwen ou!"
Li yon pati nan Pawòl la, epi retounen li l anko. Pandan w'ap fè, w'ap kapab **medite** sou chak vèsè yonn apre lòt. Èske ou pa janm wè lè yon bèf ap manje zèb nan yon jaden? Zèb li riminen an, li vale l apre bèf la retounen l nan bouch li anko jouk tan manje a bon pou lèstomak li. Sa se yon bon ilistrasyon sou yon vre meditasyon Pawòl Bondye a.
Mwen te konnen yon nonm ki te konvèti lè l te gen 70 lane. Nan lè sa a, li te konnen yon ti kras nan Bib la. Anvan l te jwenn nouvel vi sa a nan Kris, li pat menm konn ale legliz; ni tou li pat vrèman gen yon nivo akademik. Apre eksperyans fèt yon dezyem fwa a, li te deside grandi nan gras ak nan renmen epi konesans Jezikri Senyè a. Anvan l te mouri pou ale nan syel la nan 80 lane, li te li Bib la soti nan premye paj la pou rive nan denye paj la 13 fwa. Kèlkswa laj ou genyen oubyen nenpot kijan nivo edikasyon ye ou menm tou ou kapab li Bib la chak jou.
Yon Bib louvri, yon kè pwòp, yon lespri obeyisan epi priyè David la : nan (SÒM 119 :8) *Louvri zye m pou m ka wè tout bèl bagay ki nan lalwa ou la*, k'ap prepare m pou yon tan ki pote fwi nan Senyè a.

Tankou m te di l deja, anpil moun pa janm reyalize yon *tan ansanm* se yon konvèsasyon ant moun nan ak Bondye. Bondye pale ak nou pandan n'ap medite sou vèsè n'ap li yo. Malerezman, anpil moun pa rive konprann apre Bondye fin pale byen dous ak kè nou, L'ap tann nou menm tou pou n reponn li nan lapriyè. Lè n'ap reflechi sou Pawol Bondye, Pawol la ap vin fè pati **panse** nou. Lè nou **aji** nan priye sou Pawol Bondye a, l'ap vin fè pati jan n'ap viv **lavi** nou.
Nan pwen sa a ou kapab mande: 'Kijan Bondye ap pale avè m lè m'ap li Bib la? Mwen menm pou kont mwen, Mwen jwenn sa ede anpil pou m reflechi sou chak vèsè m li epi poze tèt mwen kesyon sou yo. Kèk nan yo te ekri pou mwen anpil lane pase. Mwen kite kesyon sa yo gide m pandan m rete nan lapriyè ap pale ansanm ak Senyè m nan. Kite m fè sipozisyon ou menm, tou, gide panse ou nan fason sa a pandan w'ap medite sou Pawol Bondye a. Paske m te rete sou kèsyon sa yo pandan anpil lane, yo vin n yon lòt nati nan mwen, lè m mete m apa pou m pase tan m ansanm ak Bondye epi Pawòl yo. Ou pral jwenn kèk nan kesyon sa yo ki mande yon **sak** obeyisan; lòt yo kapab mande pou reponn ak konfyans, gen lòt k`ap pouse ou pou koumanse adore epi louwe devan Senyè a; pou fini kèk nan kèsyon sa yo ap ede ou konprann divès riz enmi ou nan, dyab la , epi w'ap kapab konprann kijan viktwa Kris te pote sou satan an kapab pou ou tou.

## YON AKSYON OBEYISANS.-

Nou te deja byen konprann nou dwe rete mare ansanm ak Bondye. Si nou vle tande vwa Sentespri a lè nap li Bib la. Men tou, chak fwa Sentespri a pale nan kè nou nou dwe obeyi ak sa l di yo.

Lè w'ap li Bib nan tan w'ap pase ansanm ak Senyè a, li bon pou ou mande : èske gen nan vèsè sa a.

Yon kòmandman pou n obeyi/
Yon peche pou evite?
Yon bon ekzanp pou m swiv
Yon move ekzanp pou m pa pran?

Èske ou wè ki jan kèsyon sa yo kapab menen ou nan yon bon relasyon pesonèl ant ou menm ak Senyè a? Mwen kwè kèsyon sa yo p'ap sèlman kite pou ou ak yon senp panse sou verite ou sot li a, lè w'ap reponn kèsyon sa yo nan prezans Bondye, ou pra l jwenn li enpotan pou ou reponn aktivman nan kè ou ak sa Bondye te di.

Toujou sonje Sentespri a ansanm avek ou lè w'ap li pawòl Bondye a, epi si ou kite li gide, l'ap pouse pawòl Bondye a pi fon soti nan tèt pou rantre nan kè ou!

N'ap viv nan yon moman difisil, kote nasyon nan monn sa y'ap avanse nan rebelyon, epi nan dezobeyisans kòmandman Bondye yo. pou nou enfliyanse sou yon jenerasyon ki jete Kris, nou dwe obeyi ak tout kè nou. Paske se sèlman lè nou **obeyi** verite Bondye moutre nou yo n'ap kapab fè wè pouvwa l nan monn sa a ki nan gwo bezwen.

Pa two lontan, mwen menm ak madanm te pataje yonn nan sitasyon nan liv Oswald Chambers, *Ekstrèm mwen pou grandè li*. Men ti fraznou te li a:

Obeyi Bondye nan bagay li moutre ou, epi touswit lòt bagay la ap parèt… ou di mwen sipoze m'ap konprann sa yon jou. Menm kounyeya nan yon minit; ou kapab konprann sa? **Se pa etid** k`ap pote limyè; **men se obeyisans.** Menm ti kal obeyisans ki pi piti a kapab louvri fenèt syel la pou verite ki pi fon nan Bondye yo kapab pou ou touswit. Bondye p'ap janm revele yon verite lòt sou li menm tout tan ou pa obeyi sa ou deja konnen yo.

Yo rakonte yon nwit te gen 2 gran misyonè, Charles T. Studd epi Hudson Taylor te rete ansanm nan menm chanm, byen bonè nan maten, Taylor te leve ak yon chandèl limen nan men l li te jwenn kamarad li a nan yon kwèn ak Bib li louvri, epi l mande konbyen tan ou gen la? Pou reponn ak kèsyon Taylor a, Studd te di : depi a minwi mwen te reveye ak pawòl Jezi Senyè nan lespri mwen ki di : *si ou renmen mwen, kenbe kòmandman yo* (*Jan 14 :15*) mwen te poze tèt mwen kesyon sa a èske m vrèman pwouve renmen Jezi Senyè a nan yon obeyisans total konsa? Poutèt sa mwen pran Bib la, mwen te pase tout rès nwit la, ap li levanjil yo. Mwen t'ap chache tout kòmandman Bondye te bay disip li yo. Avek gras, Bondye kote mwen te obeyi kòmandman li yo mwen make yo nan Bib mwen an epi mwen ekri Alélouya! Bò kote yo, kote m te dezobeyi mwen konfèse peche a epi yon lòt fwa anko mwen soumèt mwen pou m obeyi l epi moutre vrè renmen li an.

Zanmi m depi ou vrèman ap mache ak Senyè a nan limye pawòl li ou menm tou w'ap fè menm jan ak moun ki te ekri chante sa pou l temwaye pou di pa gen lòt chemen ke lè ou obeyi kwè.

**REPONS KONFYANS.-**

Bib la se li k'ap konstwi konfyans nou nan Bondye! pandan n'ap konstwi konfyans nou nan Bondye – ki repoze sou obeyisans Jezikri Senyè – n'ap konnen nou pa kapab "men li kapab".

Nan tan ansanm ak Senyè a, li bon pou ou mande : Èské gen nan vèsè sa a-
Yon pwomès pou m pran?
Yon avètisman pou m fè atansyon ?

Bib la plen ak pwomès, lè n'ap medite sou pawòl Bondye a, li enpotan pou nou konnen pwomès Bondye yo. En menm tan tou, nou dwe obsève tout avètisman li yo. Pou bay valè ak pwomès Bondye yo, pandan w'ap meprize avètisman Bondye yo. Se pa sa yo rele 'viv nan konfyans ' men pito se mouri nan pwop sa ou kwè!

Pandan w'ap li Bib la jou apre jou, nan tout pwomès Bondye epi answit mande pou chak nan pwomès yo vin pou ou menm. Nan chak moman pwomès Bondye yo, ak richès Jezikri Senyè va tout pouvwa ou bezwen pou chak nouvo pa obeyisans ou fè nan yon reyalite pwop ekperyans pesonèl ou.

Li te ba ou pwomès li yo pou ou kapab 'viv' nan verite nan mach ou ak Bondye. Pandan ou rete nan asirans pwomès sa yo, konfyans ou ap kontinye grandi paske pawòl di nou; nan *Konsa, lè ou tande mesaj la ou vin n gen konfyans. Mesaj la se pawòl Kris la y'ap anonse*(Wom 10 :17)..

Èske ou pa janm ap poze tèt ou kèsyon kisa ki kontrè konfyans? Repons la pa si senp jan ou kwè l la. Pou ta di pa kwè se kontrè konfyans se vrèman deyò tout sa ki pa sou kèsyon sa a. Imajine, si ou gen 3 kouzen k`ap viv—premye a se konfyans, dezyèm nan se depandans, twazyèman se imilite; kounyeya panse ak 3 kouzen ki mouri—premye a se pa kwè, dezyèm nan se endepandan, twazyèm nan se lògey.

**Yon moun** ki gen konfyans se yon moun ki depann sou Jezikri Senyè a pou l rive fè tout sa l pa t'ap janm ka fè pou kont li. Nan li Bib la, moun ki gen vrè konfyans ap avèti, epi answit afèkte pesonèlman, pwomès Bondye yo ki pa ka kraze.

Jezi Senyè a te di disip li yo *san mwen ou pa kapab fè anyen*. (Jan 15:5)

Wi, anvan pou yon moun kapab rive kwè Senyè a pou fè anyen ki gen yon valè espirityel, li dwe konvenk nan pwop kouraj li, li pa kapab fè anyen k`ap dire pou tout tan. Kalite konfyans depandans sa a sèlman fèt nan yon kè ki koube, yon moun konsa kapab di menm jan apòt Pòl *Mwen kapab fè tout bagay dapre Kris la ki ban m fòs* (Filip 4 :13). Nan lòt men an kounyeya, **yon moun ki pa konfyans** se yon moun ki konsidere l endepandan li pa vrèman bezwen Bondye ede l nan anyen. Li tris pou n di gen plizye million jòdia ki pa depann sou Jezikri Senyè a pou sove yo.

Konsa tou li tris kote gen anpil Kretyen ki pa rete nan Kris ki k`ap pemèt yo viv lavi Kretyen. Nenpot fòm endepandans yon imen soti nan kwayans ki nan kè l. Pou rezon sa a nou kapab di kontrè konfyans se lògey, kote kontrè yon moun ki pa kwè se imilite. Nan reflechi sou yon pakèt bagay, tankou mwen kwè nan pwop tèt mwen, mwen gen tout sa m vle bagay sa yo toujou tounen kont kè a epi fè l pa resevwa yon bon doz konfyans.

Tout bagay ki soti nan monn la ki gonfle ak lògey pral an menm tan tou redwi kwayans yon moun nan pouvwa sinatirèl ki te leve Kris la. Resous Bondye yo pa gen limit yo ale pi lwen tout pwomès li te janm fè, li pat kite nou ak pwop deviz nou oubyen ak pwop entelijans nou pou nou konbat ak vi a G.K Chesterson ( 1874-1936) avek anpil riz te lonje dwèt li sou moun ki kwè nan pwop lògey men sa l te ekri :

Sa n'ap soufri jòdia se pridans ki pa nan plas li
dosye pridans la chita sou yon ògan ki pat fèt pou sa.

Yon moun te fèt pou l doute sou pwop tèt li, men l pat dwe janm doute sou verite a, bagay sa a vrèman debòde.

Nenpot kretyen ki rete sou konsey lòt moun, oubyen plase konfyans li nan pwop tèt li olye l plase l nan Senyè a, p'ap rive jwi tout benediksyon Bondye yo. Menm jan dlo a toujou koule nan nivo ki pi ba a, konsa tout, Sentespri a Jezi te dekri kòm *dlo vivan*, p'ap kapab koule nan yon kè k`ap monte tèt li… *yon nonm ki ranpli* ak *lògey* (Abaki 2; 4-5Kj). Poutan Sentespri a ap debode nan abondans nan kè yon kwayan ki koube epi rekonèt li bezwen pouvwa Kris la nan tout bagay.

*Denye jou fèt la, se li kite pi enpotan, jou sa a Jezi kanpe devan foul moun yo, li di yo byen fò : Si yon moun swaf, li mèt vinn jwenn mwen li mèt bwè. Paské moun ki mete konfyans yo nan mwen, y'ap wè gwo kouran dlo k`ap bay lavi koule soti nou kè yo(2Korent 7 :1)* jan sa ekri nan liv la. Chak jou ou kapab bese nan pye Jezi epi bwè nan dlo vivan sa a. Pandan w'ap fè sa vi ou pa pral esplike akòz talan ak konesans ou genyen, men pito vi ou pra l karakterize ak Sentespri Bondye a k`ap soti nan andan kò ou avek abondans.

Sonje Sentespri ki te leve Senyè nou abiye l nan fòm fizik chak nouvo ne pitit Bondye. Sa fè, jòdia kwayan an se tèt estrateji Jezi Senyè a nan mitan yon monn ki san Bondye. Pou chak kretyen ki dispoze Sentespri a kontinye ap fè travay pou l sove lòt vi pa mwayen yo. *Ou se tanp Bondye vivan an. Se Bondye menm ki di sa; ma vin n rete viv nan mitan yo, ma tounen Bondye yo, ya tounen pep mwen ( 2 Korent 6 :16).*

Wi, nou se tanp Bondye se nan nou li deside demoutre sentete li ak glwa li! Pòl kontinye ak yon egzòtasyon pi kalm : (2 Korent 7:1). ***Mezanmi se pou nou wi Bondye te fè tout pwomès sa yo**. Ann kenbe kò nou ak manm nou nan kondisyon pou n sèvi Bondye : Ann voye tout bagay ki ka wete nou nan kondisyon sa a jete! Ann chache viv apa pou Bondye! Ann viv nan krentif li!*

**REYALITE NAN ADORASYON.-**

Yon diapzson se yon zouti inivesèl pou akò tout piano. Avek sa ou kapab bay yon piano ki te pedi bon son li yon bon amoni anko. Konsa tou Bib la se pawòl Bondye ki kapab fè kè yon moun ki atriste vin antre nan amoni mizik syel la. Pandan pawòl Bondye a ap pote limye nan glwa, sentete ak renmen Bondye, w'ap toujou renouvle nan adorasyon ak louwanj menm jan pawòl di: *lè n'ap pale yonn ak lòt, sèvi ak pawol ki nan Sòm yo. Nan kantik yo, ak nan chante lespri Bondye a moutre nou. Chante kantik ak Sòm pou Senyè a lè n'ap fè louwanj li ak tout kè nou (Efèz 5 :19).* Mete sa nan panse ou, nan tan ansanm ou ak Senyè a, li bon pou ou mande; èske nan vèsè sa a gen

*Yon nouvo revelasyon sou papa?*
*Sou pitit la?*
*Ak sou Sentespri a?*

Sa a se yon ankourajman pou obsève jòdia sanble gen yon nouvo dezi nan mitan pèp Bondye a pou yo vrèman adore Senyè a. Jezi Senyè te ankouraje kalite adorasyon sa lè l te di! *Bondye se Lespri sila yo k`ap adore l **dwe adore l nan léspri ak nan verite*** (Jan 4 :24). Yon lòt fason ka di sa; yon vrè adorasyon dwe fèt anba onksyon pouvwa Sentespri epi an ako ak verite Pawòl Bondye a. Se yon kalite adorasyon konsa ki ka pote lajwa nan kè papa a. Lè sentespri a pote mevey nan yon moun ki pou Bondye—renmen li, pouvwa li, Sentete li, glwa li, gras li, bonte li, epi ak tout lòt kalite li yo—nan kè nou pral gen nouvo chan adorasyon ak louwanj pou Senyè a.Yon

posizyon ajenou kapab bon nan moman sa a pou n ka kenbe yon atitid ki dwat nan lespri nou pandan n'ap vini nan prezans Bondye nan lapriyè. Ou kapab dekouvri ansanm avè m gen kèk moman prive espesyal nan lavi ou, ou santi lè ou mete ou ajenou ou pa bese ase pou fè santi renmen ak obeyisans ou pou Bondye.

Li enteresan pou nou note sa, lè Jan te vin nan prezans glwa Kris nan zile Patmos, li te temwaye li pat sèlman mete ajenou nan pye l men l te di; *lè mwen wè l mwen tonbe nan pye l tankou yon moun ki mouri Revelasyon( 1 :17*). Tout fason, li enpotan pou nou konprann a chak fwa yon bagay presye pou kwayan an. Souvan genyen danje ki fèmen nan lòt men an! Jezikri Senyè pat sèlman bay enstriksyon sou yon vrè adorasyon, men li te bay tou yon avètisman kalme konsenan yon aktivite kèk moun ta kapab rele adorasyon men ki se yon fason kontrè de sa adorasyon ye tout bon. Nan lè l t'ap ankouraje l fanm Samariten an pou l adore nan 'Lespri epi nan verite' Jezi Senyè te di li : *w'ap adore* ***sa ou pa konnen*** (Jan 4:22) adorasyon pi gran pase yon emosyon; li dwe fè nou fikse zye nou sou Jezikri Senyè a. Si rezon adorasyon an se pou mete pèp la nan yon anbyans olye l pou l ta chanje yo, enben nan ka sa a se yon fo adorasyon Senyè a merite plis pase yon kontantman espirityel si nou vle fè louwanj pou Bondye nou an.

**Vrè adorasyon an se yon lespri ak yon kè ki bese devan otorite, Jezi Senyè vivan an jan sa revele an pawòl Bondye a.**

### AVETISMAN KONT ADVESE A.-

Wi, Bondye beni *tan ansanm* ou an. Konsyans ou netwaye kounyeya ou rekonèt sa Jezi te fè pou ou sou kwa a, ou renonse ak ou menm ak repitasyon ou genyen ak tout anbisyon ou ak tout sa ou posede. Kounyeya ou angaje ou nan yon nouvo dimansyon adorasyon ak louwanj pou Senyè a. Eske poutèt sa ou pi wo pase tout plan benediksyon Bondye yo nan *tan ansanm* ou yo?

Enben, ou pako prèt la!

Paske deyò a gen yon enmi ki fache anpil

Wi, dyab la fache anpil paske Bondye te trase yon chemen pou padone pechen ou yo, men dyab la kondane pou l jete nan Letan Dife a san li pa gen okenn posiblite pou defann tèt li. Se poutèt sa nan wout ou pou syèl la. L'ap eseye fè tout sa l kapab pou l derasinen mach ou, kraze devosyon ou ak Senyè a, epi detwi temwayaj ou.

Se poutèt sa a, nan tan ou vrèman ak Senyè a, li bon pou ou ta mande èske nan vèsè sa a gen—

Yon nouvo Limye sou pèson satan?

Sou plan mechan li yo?

Sou move deviz li yo?

Yon fwa yo te rakonte m te gen yon ti gason ki te tounen lakay li apre lekol di dimanch. Nan menm nwit sa a manman l li te jwenn li mete ajenou kote kabann li epi li mande l

Kisa w'ap fè la a? reponn byen vit li di m'ap fè satan tranble. Paske nou te aprann yon nouvo chan jòdia nan lekol di dimanch la. Ki di Satan tranble lè li wè Sen yo desann sou jenou, se poutèt sa mwen mete m ajenou pou m fè Satan tranble. Sepandan, li pran plis pase desann sou jenou pou fè satan tranble, Satan tranble sèlman lè, nan non Jezi satan kite yon plas li te okipe nan lavi ou epi se lè nan menm non Jezi ki gen tout pouvwa Sentespri a ap itilize ou pou rachte lòt vi enpòtan sa yo ki nan machin lanmò dyab la. Anpil kretyen konn santi si yo kite Satan an repo satan ap kite yo an repo

men gen yon bagay tris, ki vin rive touswit, lè ou vin devan Bondye nan lapriyè, èske pafwa ou pa konn santi w'ap pote yon gwo fado sou yon bagay ou te twonpe epi ou te konfèse l epi ou te deja jwenn padon? Satan ap toujou eseye akize ou sou peche ou te deja mande padon pou yo.

Lè satan ap eseye fè ou sonje sak te pase ou fè l sonje li menm sak k`ap tann li. Konsa Bondye pat chwazi pou sonje peche sila a yo li te padonen. Satan vle pran atansyon ou sou chak peche ou te kòmèt pou kapab rive kèsyone reyalite renmen Bondye ki toujou padonen.

**Krent, konfizyon ak dezespwa sa yo se sentom klasik satan nan efò l'ap fè pou gate relasyon ou ak Bondye.**

Wi, satan ap fè tout sa li k`ap fè pou l vòlè lajwa ou ak lapè ou. Pandan w'ap li Bib la, Bondye ap toujou fè ou kapab konprann kote satan chita nan lavi ou. Alò ak zam Senyè a dispoze pou nou yo, ou dwe fèmen tout pòt pou dyab la. Nan batay lòm ak lòm, toujou genyen de bagay sa yo estrateji pou atake epi pou defann tèt ou. Pa janm gen yon batay ki genyen ak manèv defansiv sèlman. Konsa tou, nan yon batay espirityel de bagay sa yo estrateji pou fè defans avek pou atake yo enpotan. Tou de bagay sa yo repoze nan pawòl Bondye yonn nan bagay ki ankouraje nan devlope yon *tan ansanm* ki pote fwi se, lè w'ap konfwonte satan swa direkteman oubyen endirekteman w'ap kapab site tout pawòl ou te li yo epi tou w'ap ka priye jan Bib la moutre nou.
Se yon gwo bagay pou konnen lè w'ap priye dapre pawòl Bondye a, w'ap priye tou dapre volonte Bondye! se volonte Bondye pou pote viktwa sou Satan ak tout sa l'ap tante fè pou deraye lavi espirityel ou.

Defans Batay Espirityel : Èske ou reple ou lè Satan t'ap tante Jezi Senyè a? Mwen renmen sonje sa Jezi te fènk ap pase tan ansanm nan ap li nan liv Deteronòm. Asiremen pawòl li te site lè li t'ap defann tèt li kont dyab la li te jwenn yo nan liv sa a. Pandan 3 fwa Senyè a te di men sa ki ekri nan pawòl Bondye (Matye 4 : 4-7-10) *Pawòl la di … Pawòl la di…Pawòl la di* …se tantasyon Jezi Senyè a ki fè nou kapab konprann sa Salmis la vle di lè l te ekri nan (Sòm 138 :2).Wi, se nan pwisans pouvwa pawol Bondye a Satan te kouri lwen Jezi.

Konsa tou, si ou vle pote viktwa sou dyab la, ou menm tou ou dwe aprann kijan pou itilize Bib la kòm yon zam ki pou defann nou. Lè Satan plante aksyon fou li yo nan panse ou, sekou ou dwe toujou nan Pawol Bondye a. Lè ou toujou pase tan ansanm nan l'ap asire Pawol Bondye a nan kè ou pou lè moman sa yo vini.
Poem sa ki di ' Taktik dyab la ' ki ekri pa yon otè nou pa konnen se rasin verite sa a nou jwenn nan Efèz chapit 6 la.

*'TAKTIK DYAB LA'*

Mwen gen yon batay sovaj jòdia nan plas priyè m nan
Mwen te ale pou m kontre, epi pale ak Bondye
Men mwen jwenn Satan te la li t'ap moke m pou di:
Ou pa kapab priye ou pèdi lontan deja
Ou kapab resesite mo yo pandan ou sou jenou ou, men ou p'ap
Ka priye oubyen konnen sa. Alò mwen pran kas mwen,
Mwen mete l desann jouk rive sou zòrèy mwen yo. Mwen te jwenn sa ede m anpil pou m te bare vwa li epi pou m te retire krent mwen yo

## ATAK BATAY ESPIRITYEL.-

Yon viktwa konplèt nenpot, kijan, mande plis pase yon defans ak yon estrateji senp: paske deyò a gen yon monn ki la k`ap blese moun. Se kay dèbilyon pèp ki enpòtan Kris la te mouri pou yo. Tout kote, gason kon fanm yo blese, epi anpil nan yo avèg paske Satan mare yo. Mwen panse Satan konnen, li pa gen anpil tan anko pou rezon sa l'ap chache fè denye sa l kapab pou bare moun sa yo k`ap viv san Bondye.

Nou li kijan Bondye prepare yon 'letan difé' pou Satan ak tout move lespri li yo, nou dwe konnen se pa pou lòm sou latè Bondye te prepare 'letan dife'sa a. Okontrè se poutèt moun sa yo ki te pèdi ki fè Kris la te mouri.

Se poutèt sa, nan kolè Satan ak reyisman li pou tout sa ki sen epi ki bon li vle pran ansanm avek li yon kantite nanm posib pou jwenn li nan soufrans li k`ap la pou toutan an. Nan batay sa ki gen pou nanm sa yo k`ap pèdi Kris la kontinye ap *chache epi sove* (Lik 19:10) Pa mwayen kretyen ki dispoze yo pou li. Èske ou pa janm ap poze tèt ou kèsyon kouman fè yon moun ki gen anpil konesans pa menm ka rive konprann mesaj levanjil la? Bib la esplike nou kilès ki mete konfizyon nan panse yo, epi sak ki fè li difisil konsa a pou sila yo ki pa kwè vin kwè.

*Men, si malgre sa, bon nouvèl m'ap anonse a pa klè toujou, li pa klè pou moun k`ap peri yo. Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn nan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limye bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la, li menm ki potre Bondye ( 2 korent 4 : 3-4 Kj).*

Kiyès ki anpeche limye renmen Bondye a ak verite li a penetre nan lespri moun sa yo ki pa kwè? Dyab la! Èske ou pran sa an konsiderasyon lè w'ap priye pou moun sa yo sove? Pandan n'ap priye nou dwe libere lespri moun sa yo ki pa konvèti nan delizyon Satan, nan Non Jezi ki gen tout pouvwa. Se kalite mevey, pouvwa ak viktwa ki nan Non sa a ki fè Charles Wesley te ekri :

Jezi! non ki pi wo pase tout sa,
ki nan lanfè, sou tè a oubyen nan syel la;
devan l Zanj ak lòm koube,
Epi demon yo pè, yo kouri.

Wi! viktwa sou Satan ak sou tout move lespri li yo te angloudi pou tout tan sou Kwa Kalvè a. *Pitit Bondyeya parèt espesyalman pou kraze travay Satan* (1Jan 3 :8) Aléluia! Nou p'ap goumen yon batay ki te pèdi men sevre! Nou gen nan men nou yon viktwa seten ki asire pou nou depi demil lane pase.

Nan yon jwèt echèk li posib pou fè yon desizyon yon deplasman ki pa ka chaje kont advesè a. Nan limit sa a defèt li asire. Men si advesè ou la gen tèt di, menm si li pa ta gen okenn mwayen pou l chavire defèt li a. li kapab toujou deranje moman an menm lè li pra l pèdi. Se menm jan tou pou Satan; pa gen okènn fason pou l genyen batay la, l'ap eseye deranje tou sa Bondye gen pou nou tout tan sa posib. Di Bondye mèsi ki fè nou sonje nan yon ti tan ki tou kout Satan pral mare nan chenn, li pa sèlman **yon enmi ki defèt** men li se yon **enmi ki dekouvri.** Bib la di nou nan ( 2 Korent 2 :11) *pase nou konnen byen pwòp sa satan gen nan tèt li*, pou konnen plan enmi an se pou ou pran tout avantaj nan batay la!

Apòt Jan te rakonte viktwa sen yo sou dyab la, pou fè konprann se viktwa Senyè a menm ki te vin tounen pwop viktwa yo.

*Frè nou yo goumen ak li* [Dyab la*] jouk yo genyen batay la, gremesi San ti mouton an ki te koule ak verite yo t'ap pibliye a, yo pat renmen lavi yo jouk pou yo ta pè lanmò (Revelasyon 12 :11Kj).* Nou pa renmen lavi nou jouk nan lanmò, *paske ansyen lòm nou te ye a deja krisifye ansanm avek li (Wom 6 :6).*

**Wi, se nan San ki netwaye a, ak sa nou konfese ak bouch nou krisifye ansanm ak Kris la ki kalifye viktwa nou nan Jezi sou pouvwa lanfè. Alélouya**!

Se pou nou rejwi ansanm ak mwen; Senyè a te fè pwovizyon pou nou kapab gen fòs, pou kretyen k`ap pote 'viktwa'. Men an menm tan tou nou dwe konprann si nou pa gen dezi pou nou rive pi lwen pa se yon klas preparatwa nan bagay Bondye, Senyè a p'ap fòse mou di espirityel sou nou. Kapasite espirityel nou pou li chita nan kontèks tan nou pandan nou sou tè a, epi, daprè jan nou gen matirite nan Senyè a, kapasite sa ap kontinye pou tout tan nan lavi n'ap menen ansanm ak li a lè nou va rive nan syel la.

## YON TÈS ESPIRITYEL.-

1.- Sou kisa m'ap panse lè m pral dòmi?

2.- Lè m'ap li Bib la èske m gen espwa tande vwa Bondye?

3.- Lè m'ap li bBib la èske m gen volonte pou m aji dapre sa Bondye di?

4.- Èske lavi m toujou rete nan mwen 'menm' oubyen èske se Kris k`ap viv nan mwen dapre (Galat 2 :20)

5.- Èske m se yon moun endepandan? Si m konsa èske m vle renonse ak lògey mwen pou m egzèse yon depandans total sou Bondye?

6.- Èské m reyalize adorasyon pou Bondye se pi gwi aktivite mwen kapab engage m?

7.- Èske satan jwenn yon plas nan lavi m?

8.- Èske m bezwen pran pesonèlman viktwa Kris la sou Satan?

## *Pwezi*

*Konfyans m te jwe n yon plas repo*
*Se pan yon anblèm ni yon kredo*
*Mwen konfye m nan sila k'ap viv pou toutan an*
*Siy li yo va plede pou mwen*

*Kè mwen apiye sou pawòl la*
*Pawòl Bondye te ekri a*
*Sove Nan non Sovè mwen an*
*Sove pa mwayen San li*

*Mwen pa bezwen yon lot agiman*
*Ni yon lot apèl*
*Lanmò Jezi sifi paske li te mouri pou mwen.*

*Lidie H. Edmunds*

*Fakte konfyans.*

Mete sa a nan lespri ou, yon nonm ki gen pou l janbe yon rivyè k`ap desann pou la l rankontre yon zanmi li ki lòt bo rivyè a, li pat gen bato; li sèlman gen yon **kap** ak plizye timoso fil. Yon nan chak ti moso fil sa yo gen plis fòs pase lòt jouk tan denye moso a gen fòs yon kòd. Nonm nan itilize ti moso fil ki piti yo jouk tan li fè k`ap la vole al tonbe nan men zanmi li an ki lòt bò rivyè a. Nan fil orijinal **Kap** la kounyeya li mare lòt moso ki gen plis fòs la, epi answit li mare lòt moso ki gen plis fòs yo jouktan li fè yo janbe rivyè ki enposib pou l janbe a. Apre l fin mare nan yon bwa sou tou de bò rivyè a. Nonm nan janbe rivyè a pou ale sou lòt bò a pou jwenn zanmi li a.

Konsa tou kòm yon pitit Bondye ki fèt yon dezyèm fwa konfyans ou plase deja nan lanmò Jezikri Senyè a, ki reprezante renmen Bondye pou peche ou yo. Pandan ou koumanse li Bib la, konfyans ou kapab fèb tankou premye ti moso fil la—men malgre sa, sa te sifi pou l kenbe kontak ak **kap** la pandan l'ap janbe rivyè a.

*Menm jan konfyans soti nan sa ou tande e sa ou tande soti nan paòol Bondye (Wom 10 :17).* W'ap dekouvri pandan ou kontinye li pawòl Bondye a epi rete nan bèl pwomès li yo konfyans ou ap pi fò. Plan Bondye se pou chak pitit li yo kapab fò nan konfyans, ki mande yon relasyon pi pre ant pitit Bondye a 'ansanm' ak papa a ki nan Syel la. Nan bib la, Jid rakonte kouman li enpòtan pou nou kòmanse bati yon fondasyon pou konsève konfyans nou *: Men nou menm mezanmi, an nou kontinye grandi toujou nan konfyans nou k`ap fè nou viv pou Bondye nèt ale...( Jid 20).*

Nan bib anplifye yo tradwi ide sa a konsa:
*Nou menm mezanmi; An nou kontinye grandi toujou nan konfyans nou k`ap fè nou viv pou Bondye nèt alé. Avek pouvwa Sentespri a an nou lapriyè san rete. Rete fèm nan renmen nou gen pou Bondye a, pandan nap tann Senyè nou, Jezikri, k`ap vin ban nou lavi ki pap fini an paské li gen pitye pou nou*
*Gen pitye pou frè yo ki nan doutans toujou, lonje men delivre yo, rachte yo soti nan mitan dife a. Se pou nou gen pitye pou lòt moun yo tou men fè atansyon, paske se pou nou rayi ata rad ki sou yo nan move lavi y'ap menen an.*
Vèsè yo fè nou konnen jan nou dwe bati konfyans nou sou yon fondasyon spirityel
(Sa vle di pou n gen fòs epi ranfòse konfyans nou) **pandan n'ap devlope yon vi nan lapriyè; nan renmen; viv nan espwa; nan konpasyon ak senserite pou jwenn nanm.**
Men jan ou te resevwa Sovè a kòm yon kado pa mwayen konfyans, konsa tou, lè ou mete tout konfyans ou nan pouvwa Senyè ki te leve a, wa rete nan Li, la kontwole lavi ou.

